

RCZ Hymns

270 hymns · numbers 1-269

nziyo.com

SHE, munyai wenyu simbisai;

Mubato wake fambisai;
Mashoko enyu atibaye;
Abereke zvibereko
Zvokurumbidza SHE wedu;
Mimwoyo yedu imuvonge;
Mazuva edu o.....se
Timushumire moga SHE.

Tibetserei
Tisimbisei
Kutenda kwedu zvino;
Chitipaizve
Mufaro, SHE!
Tichingomubatira.

Hareruya! tenda-i SHE

Mupire Bambo, vakudzei.
Ndivakasika zvose!
Unyoro hwavo chiimbai,
Masimba avo rumbidzai,
Vakudzwe nesu tose.

Hareruya! tendai Jesu;
Waburukira kunesu
Kurwira vanhu vose.
Upenyu hwake wape 'su,
Wafire zvivi zveduwo,
Akudzwe nesu tose.

Hareruya noMweyawo,
Chimutendai saizvozvo,
Mumupei mwoyo wose,
Unotitungamirira.
Achitirayirirawo,
Akudzwe nesu tose.

SHE, Bambo, Mwana,
Mweyawo!
Tinomuonga-i nesu
Nenziyo dzedu dzose.
She wedu, tinomukudzai,
Tichida kumurumbidzai,
Mukudzwe nesu tose.

Wedenga ndiSHE o.....ga

Mumukudzisei mose!
Hakuno womuku.....nda
Wakatiumba tose.
SHE wedu'yu mukuru sei!
Mibato yokurirwa nei?
Zvikuru zvose zvake.

Ha'chavi nokugu.....ma
Usakatanga ndiye;
Hakuna womuzi....va
Ha'ngaonekwi iye.
Tinovonga vadoko sei,
Ukuru hwaSHE tiimbei.
Wakatangira zvose.

Nesimba takamu....tswa
Upenyu takapiwa;
Mwari wakatisi...ka,
Naye tinochengetwa;
Ndiye wenjere huru sei,
Unyoro hwake tikudzei,
Nairo simba rake.

Hapana paasi.....ri

Wedenga Bambo SHE;
Bva posewo pati.....ri
Ndipo paari SHE!
Mirangariro yo.....se
Painokwirapo
Kum'soro pasi po.....se,
Wedenga uripo!

Hapana zvinhu zvo.....se
Zvinodarikwapo;
Vanomutenda vo.....se
Vachachengetwawo!
Mazana ezvishiri,
Nebundo nairo;
Nyanguvawo mako.....nye
Worinda zvose'zve.

Zviri munyika yo.....se,
Zviri mumvurawo.
Nezvinofamba po.....se
Zviri mudengamo;
Zviumbwa zvake zvo.....se
Uchazvinyimirei?
Mazuva ose o.....se
Zvinochengetwa sei!

Bva vana vaSHE
Ba.....mbo
Votaririrwawo;
Uri parudyi rwa.....vo,
Nokurubosweko.
Pavanoshayiwa si.....mba,
Panhamo dzosewo,
Nyanguvawo parufu
Wedenga uripo!

SHE Wedenga, matsawurwa,

Zvokwadi muno....da;
Makaisvo-shananguka,
Muri chiedza cho.....ga;
Mutivenekerewo
Noushanangurwa 'hwo,
Tigofunga zvokum'soro,
Tigoshanangurwa mwoyo!

Makaisvo-shananguka,
Munobwinya kwa-zvo;
Navatumwa vokudenga
Vafukidza me.....so;
Tiri vakashate'su,
Zvivi zvikundawo,
Tinosikoniwa chose
Mirayiro yenyu yose!

SHE Wedenga, matsawurwa,
Tifanane ne.....mi;
Tigoda ushanangurwa,
Tichitiza zvi.....vi;
Tigozovikirapo.
Pakudenga ikoko;
Tigoimba navatumwa
Nziyo dzavashanangurwa.

Unyoro hwaSHE hwakakura,

Unoda vanhu vo.....se;
Usingaongi SHE wenyasha.
Ndiwakashata cho.....se!
Ndinoda hangu kumupira,
Kutenda, nokuo.....nga;
Ndiunosindirangarira,
Neni ndichamufu.....nga!

Unosindichengeta iye,
Ini ndinosita.....dza
Unondiperekedza ndiye,
Ini ndinonyanga.....dza;
Unondipa mumwoyo mangu
Mufarowo muku.....ru;
Ndinositaririrwa hangu
Nenyasha dzake hu.....ru!

Wedenga, ko handingamudi?
Unyoro hwaSHE wa.....ngu?
Ungarayia, ndisinganzwi?
Ko ndingaramba ha.....ngu?
Hai kwete, mwoyo wangu wose
Unoda kumufa.....dza;
Ndimushumire misi yose,
Navanhu ndichiva.....da!

Ukuru hwenyu hwo.....se

Hunoonekwa kwose,
Imi Muumbi wedu;
Usiku tinoo.....na
Zviedza zvokude.....nga
Zvorinda musha wenyu,
Bva zuva rinobwi.....nya;
Rinositione.....sa
Chiedza chenyu, Bambo;
Rinositirati.....dza.
Ukuru, uye nya.....sha,
Unyoro hwaSHE wedu!

Pavanhu, mhuka, mi.....ti,
Panoonekwa nje.....re
Nesimba renyu guru;
Ndimi makazvumba,
Muchingozvichengeta,
Musinganyari, Bambo!
Zviumbwa zvose i.....zvi,
Makomo, gungwa, mi.....ti
Zvinoparidza rudo;
Namanzwi azvo o.....se
Anotiudza to.....se;
'Nemi! mukudze Bambo!'

Panzizi napagu.....ngwa
Maware, dutu, mvu.....ra.
Tongokanuka zvose;
Misodzi inobu.....da
Pameso, tichio.....na
Manenji enyu ose;
Wedenga wotiri.....nda,
Mapfumo unodzi.....nga,
Wotichengeta pose;
Ndoutiziro hwe.....du,
Panhamo naparu.....fu,
Bwe redu nhambo dzose.

Bva nyangwe zuva raenda,
Nomwedzi ukasvi.....ba,
Hatingasha'iwi mwenje;
Kudengako Bwiza.....na
Richativeneke.....ra,
Tichandoona nenji;
Tichandozaruri.....rwa
Zvatanga tavanzi.....rwa
Panyika ino kuno;
Tiri vanana he.....du,
Bva unoda SHE Je.....su,
Kudenga ndimukuru.

Hareruya! mutendiwe pose,

Murumbidzwe kwazvo, SHE!
Pano pasi nokum'soro kwose
Muongiwe nesuzve!
Bambo, mutitarire norudo,
Jesu, chitipaiwo nyasha dzenyu;
Mweya, chitinyaradzai,
Nesu tose chigarai!

Jehova wondiri.....sa,

Ndichazoshayiwei?
Unongosindifu.....dza
Pamvura chena sei!

Munoponesa mwe....ya;
Munondiisazve
Panzira yakana.....ka
Nokuda kwenyu, SHE!

Hangingatongotyi.....swi
Nairwo rufuwo;
Mudonzvo womuri.....si
Wondinyaradza'po.

Munongosindigu.....tsa
Munondinwisawo;
Munondipakuri.....ra
Mapfumo aripo.

Musoro munozodza,
Munondifadzawo;
Mukombe wakazara
Nenyasha dzirimo!

Bva nyasha dzake dzo.....se
Dzichandifadza sei!
Ndogara misi yose!
Mumba maiye SHE.

SHE Jehova, mudiise

Pamakwara e.....nyu;
Mweya wenyu udzidzise
Ini, mwana we....nyu
Munditungami.....re,
Ndigoziva kuchengeta
Mirayiro, u.....ye
Misi yose kumutenda.

Nyasha dzaSHE dzakakura,
Hadzina kugu.....ma;
Uchadzosa varashika,
Nokuvarayi.....ra;
Uchapereke.....dza
Vanomwoyo wakanaka;
Vanonyengete.....ra
Uchavaratidza nzira.

Ndiani unoda iye,
Nokumushumi.....ra?
SHE Wedenga ndiamene
Uchamudzidzi.....sa;
Ndiye uchawa.....na
Fuma huru yokudenga,
Nhaka ichapi.....wa
Vana vake vanomuda!

Muchengete mweya wangu
Musandisvode.....sa;
Ndimi utiziro hwangu,
Ndichasimute.....nda;
Ndinomumirira,
Mundirwire noruoko;
Ndinodanidzi.....ra,
Nditumirwe raramiso!

Wedenga Bambo SHE tendai,

Unyoro hwake rumbidzai;
Uya-i zvino, swederai,
Namanzwi enyu chiimbai!

Wedenga wedu ndiye SHE.
Wakatiumbawo iye;
Wakatirinda samakwai,
Tichirisiwa zvakadai.

Muimba yake chipindai,
Mukati mayo chiimbai;
Mumukudzise imomo
Nomwoyo, nomuromowo.

Nokuti ndiWedenga SHE
Mukuru pana vose'ye;
Unyoro hwake kunesu
Nenyasha hazviperiwo.

Ongai, ongai Wedenga SHE,

Varanda vake mose 'mi!
Muimba yake svinurai,
Mugomukudza muchidai!

Maoko enyu murudzai,
Nameso enyu tarirai;
Wedenga wenyu rumbidzai,
Uya-i, mose gwadamai!

Mufadzwe noWedenga SHE
Mutaririrwewo naye;
Wasika zvose, muongei!
NdiSHE wawashe, mukudzei!

Kudza SHE Wedenga wako.

Iwe, mweya wanguwo!
Ndichamurumbidza hangu
Nokumuimbirawo
Ndichi pano pasi'ni.
Ndichasingokudza SHE.

Musatenda vashe vose,
Nyangwe vanhu vakadai!
Havamubetseri chose,
Kuvatarira regai!
Vachidanwa norufu,
Simba ndokuperawo.

Une ropa rakanaka
Unotenda iye SHE,
Uyo unosimuita
Utiziro hwakezve,
Unositizirako.
Achisingovandamo.

Ndiye SHE wawashe vose
Une simba guru sei!
Uchabata ushe hwose,
Ungahutorerwa nei?
Zion, uyu SHE kudzai,
Zita rake rumbidzai!

Richave zuva guru zvirokwazvo,

Nhapwa dheZion dzichadzoswazve
Zvikuru zvatic hazofadzwa nazvo,
Savanorota, vozipirwa sei!
Miromo ichazara kudzo huru,
Nemipururu ichazonzwikawo,
Zvichanzi: Zvokwadi, ndizvo zvikuru,
Zvaita Jehova SHE naivavo!

Ndizvo zvikuru, nesu tinodaro,
Zvataitirwa naJehova SHE;
Ndizvo zvinotigutsawo mufaro,
Zvinotigadza norugare sei!
Dzokesa, SHE, vagerewo kudzoka.
Vanongogara vakasungwapo;
Mafuro enyu ave namapoka,
Senzizi dzichizara mvurawo!

Dzokai vatapwa, chitiza-i njodzi!
Munongotendawo kuchema nei!
Munosikusha mbeu dzemisodzi:
Zvinotifadza zvakawanda sei!
Regai kukohwa shungu, muchidero.
Uyai! ticheke zvakatipa SHE!
Hendei, tisenge mwanda nomufaro,
Nhapwa dheZion dzinodzoswazve!

SHE, gomo redu ndiimi,

Noutiziro hwedu;
Masimba edu, uyezve
Munhamo nhare yedu!
Zvapasi zvozewo
Hazvichatyisi'su,
Makomo ngaawe,
Maware abvezve,
Mwari unesu tose.

Vatendi vake, musatya,
Vavengi vachiwanda;
Uye amene unorwa
Umire navaranda!
Nashe werimawo
Ha'chatikundi'su
Wakakurirwa sei,
Uchino ushe hwei?
Mwari unesu tose.

Bva misha yenyu, Tenzi SHE
Inake nomugaro;
Nedzimba dzenyu dzivezve
Matsime omufaro.
Patinosimunzwai,
Tinomufarirai
Pakati pedu, SHE!
Tiimbe, tichiti:
Mwari unesu tose.

Uyai vehama, tarirai
Zvaita Tenzi wedu!
Vendudzi dzose, nyararai,
Mutende shoko redu
Ratinokuudzai,
Tichikududzirai;
Jehova ndiye SHE
Tipike tosezve;
Mwari unesu tose.

Tendai Jehova wesimba

ndiSHE wamadzishe:
Mwoyo ufare, uimbe,
ukudzewo iye:
Chiunganai,
Ndimiwo dzose mutsai,
Zvimbo zvose muimbe!

Tendai Jehova! waumba isu
zvakanaka;
Watifambisa, tataririrwawo
zvakabata;
Chifarirai,
Nemisi yose kudzai,
Nyasha dzaBambo Musiki;

Tendai Jehova, muiti,
mutariri wenyu;
Unositipa mufaro, masimba, upenyu;
Chimuongai,
Unyoro hwaSHE imbai,
Watipedzera ukosha.

Tendai Jehova, nokuti
wamupa kufara,
Nyasha mapiwa naye,
musatongoparara;
Rangarirai!
Rudo rukuru, onai
NdorwaJehova Wedenga!

Chiungana-i,

Tikudze Tenzi wedu!
Chisimuka-i,
Tivambe nziyo dzedu!
Hareruya! Hareruya!

Chifarira-i,
She wakatiponesa!
Bva chikudza-i
Wakatiraramisa;
Timukudei, timukudzei!

Chimuonga-i,
Nokuti zvirokwazvo.
Muchingoda-i,
Munomufadza nazvo;
Unozvida, unozvida!

Chiterera-i,
Nemi, masara sure!
Chiswedera-i
Mamirire-i kure
Tiimbisei! tiimbisei!

Chibvumirai,
Nemiwo, ndudzi dzose!
Chirumbidza-i
SHE wamadzishe ose;
Hareruya! Hareruya!

Kudzai SHE, vatumwa vose,

Vokudenga ikoko!
Zuva, mwedzi, denga rose,
Chikudzai SHE wenyuwo!

Kudzai SHE wakangoreva
Zvose ndokuvapowo;
Zvose unozvichengeta,
Zviumbiwa zvose 'zvo!

Kudzai SHE, mukuru ndiye,
Wakakunda norufu;
Vana vake vamutende,
Simba rake richi'po!

Kudzai SHE, wakatirwira;
Simba rake rumbidzai!
Vokudenga napanyika.
Zita rake paridzai!

SHE wendudzi dzose,

Tinomuuchira,
Tendai tichimuimbira!
Makasika vose,
Zvose zvose zvenyu,
Isu tiri vanhu venyu.
Jesu SHE
Mutinzwei,
Tichimutambira,
Tichimushumira.

Vokudenga vose,
Ongai Tenzi wenyu,
Nokunatsa nziyo dzenyu!
Timukudze tose,
Zuva, uye mwedzi!
Nyeredzi, tendaiwo nemi!
Chipindai,
Muchidai!
Zvose zvapanyika,
Kudzo igonzika!

Newe mwoyo wangu,
Vamba rwiyo rwako
Namasimba ako ose!
Nemi, hama dzangu,
Swederai pedyo,
Tirumbidze Tenzi wedu!
Chiitai
Savanyai!
Imi, ndudzi dzose,
Mumuonge mose!

Norugare rwenyu,
Imi, Tenzi wedu,
Ruwego mukati medu!
Hareruya yenyu
Tichazoigona
Musi watichamuonai;
Tipeizve
Nyasha, SHE!
Nomufaro wenyu,
Isu, vanhu venyu!

Chikudzai Wedenga Bambo

Chikudzai Muzvarewo;
Chikudzaiwo Mweya wake,
Ndivo vamwe ivavo.
Chikudzai SHE, chikudzai SHE,
SHE Wedenga chikudzai!

Chikudzai SHE wakatida!
Chikudzai wakatitenga,
Ushe wakatipa SHE.
Chikudzai SHE, chikudzai SHE;
Jesu Kristu chikudzai!

Chikudzai SHE wavatumwa;
Tose ngatimukudzei!
Tenzi wamarudzi ose,
Tenzi wedu ndiyezve.
Chikudzai SHE, chikudzai SHE,
Kudzo dzose chimupai!

Chikudzai SHE, musanyara,
Ngatimuimbirewo;
Fuma, simba, uye ushe,
Zvose zvake izvozvo.
Chikudzai SHE, chikudzai SHE
SHE wavashe chikudzai.

Makashananguka, munesimba guru!

Tichamuimbira, SHE, mazuva o.....se;
Makashananguka munenyasha huru!
Bambo, noMwana, uye Mweya!

Makashananguka! vose vokudenga
Vanomukudzisako vachigwada.....ma;
Vokubwinya vose vanomurumbidza,
Ndimi musina kuzogu.....ma

Makashananguka! nyange madzitirwa,
Meso edu ha'muoni; tinezvivi;
Imi moga moga, hakuchino mumwe,
Mwene wesimba, uye ru.....do.

Makashananguka, muneimba guru!
Zvose zvichamukudzai panyika yo.....se;
Makashananguka, mune nyasha huru!
Bambo, noMwana, uye Mwe....ya!

Chikudzai SHE wokudenga.

Zvipa zvenyu chimupai!
Makarwirwa, manatsiwa,
Kudzo yake chiimbai!
Chikudzai SHE! Chikudzai SHE!
Wokusingaperi' ye!

Madzibambo akaona
Nyasha dzake, rudowo;
Nesu nhasi tinopiwa
Komborero saivo.
Chikudzai SHE! Chikudzai SHE!
Ha'ngazoshanduki'ye.

Bambo vedu vanoziva
Tine simba doko sei!
Namaoko vatibata,
zvino tichatyiswa nei?
Chikudzai SHE! Chikudzai SHE!
Nyasha dzake chiongai!

Navatumwa vokudenga,
Tibetserei kukudza SHE!
Zuva, mwedzi, nemi vanhu,
Gwadamai! ongai iye!
Chikudzai SHE! Chikudzai SHE!
SHE wenyasha chikudzai!

Tarirai zviri kudenga,

Zuva, mwedzi, nyeredzi!
Muchida kuzviverenga
Hamungazvipedzi' zvi.
Kunyanguva zvakawanda,
Mumwe unozvifambisa,
:/: Mwene wazvo uripo! :/:

Tarirai zvenyika Zvose
Miti, nzizi, mabwewo,
Uswa hunomera pasi,
Mvura yomudenga'mo;
Mwoto, rima, uye dova!
Mhepo, chando chinorova!
:/: Mwene wazvo uripo! :/:

Tariraiwo zvinofamba,
Nzou nen'ombe, mhukawo;
Ngwena, hove, zvoshambira,
Zvinobhururuka'po!
Zvose nokuwanda kwazvo,
Unozvipa kudya kwazvo! :/:
:/: Mwene wazvo uripo!

Tarirai navanhu vose,
Mungarava ndudzi pai?
Uye riya boka rose
Mukudenga ravanyai?
Bambo vanotida tose,
Vanotaririra zvose,
:/: Mwene wedu uripo! :/:

Usiku ihwohwo!

Vose vovatapo,
Bva vorinda ndiBambo naMai,
Vasvinura pamwana, onai!
:/: Tisvinure nesu! :/:

Usiku ihwohwo!
Jesu wakatida,
Wakauya panyika kudai.
Wakaberekwa nhasi, farai.
:/: Ngatifare nesu! :/:

Usiku ihwohwo!
Vouragu uko
Vakaona vatumwa vaSHE,
Vachiimba, svikai: Rugare.
:/: Rwakasvika pasi! :/:

Usiku hunowo
Todo kukudza SHE;
Nesu tinomufarirawo
Sezvaita varisi uko;
:/: Tomuonga nesu! :/:

Nyeredzi, iwe wopfuura dzose

Tivenekere murima re.....du!
Woubvazuva, chiedza chavose,
Tiperekedze kuMwana Jesu!

Vamuradzika pakati pedanga,
Kwanga kusina ugaro nesu;
Zvino vatumwa vakabva kudenga,
Vakazokudza SHE wavo Je.....su.

Isu tichandomukudzawo neiko?
Ungafadziwa nefuma yei.....zve?
Ko tingadusa zvinofadza vanhu,
Zvose nyanguva zvinokoshe..... sa!

Izvozvo zvose hazvino mubato,
Ha'ngafadziwi nezvipo zvakadai
Chinofadzisa pameso aJesu,
Ndokumukudza nomwoyo ku.....dai.

Terera-i manzwi awa

Anoimba ikoko.
Ko haazi avatumwa
Vanogara ikweyo?
Vanhū, nhasi maponerwa
Muchengeti, chifarai!
Chiimbawo "Hareruya!"
Kristu Jesu chikudzai!

Ndokubwinya kwaSHE wedu
Wokudenga-dengako;
Vanhū vave nomufaro,
Rugare panyikawo!
Zuva rino taponerwa
Muchengeti Kristu SHE,
Ngatiimbe Hareruya!
Tigokudza Jesuzve.

SHE Jesu waponiwa

PaBetrehema'po;
Vatumwa vamukudza,
Tondomukudzawo
Wedenga wakatida,
Watuma Mwana wake:
Wauya pano pasi
Kutiponesazve.

Ngati'ndewo kudanga
Rushiye rurimo;
Nokuti mwana uyo
NdiTenzi weduwo.
SHE Jesu! munzwe isu,
Tichimuonga zvino;
Nesu toda zvikuru
Kuzomukudzawo.

Mauya sorushiye
Nokuti matida;
Mutidzidzise tose
Nesu tigomuda.
Masiya Bambo venyu
Kuburukira kuno,
Tinomuidza nhasi
Mudiwa weduwo.

Muchengeti wokudenga,

Munogara ikoko,
Iko nhasi tinofunga
Kuponiwa kwenyuwo,
Kwakaitwa kare kare,
Mukauya kunesu;
Somuchena maradzikwa
Pazvipfuwo ipapo.

Bva tinenge takumbira
Nhasi pamaiswa'po;
Rwiyo rwedu rumufadze
Sorwavanhu ivavo.
Muchengeti, tinoonga
Rudo rwenyu irworwu,
Rwakazarurira isu,
Suwo rokudengawo.

Ndimi maponerwa pano,
Mukazotifirawo,
Kutigadzirira apo
Patingandofara'po;
Tichimuimbira zvino
Tichimukudzisazve.
Shandurai mwoyo yedu,
Ive imba yenyu, SHE!

Mwoyo yedu nemiviri,
Zvose zvedu zvenyu SHE
Tenzi wedu, chipindaimo,
Musabva matirizve;
Tiratidzei nzira yenyu,
Titeverei nesu;
Kuti tose tiri pano
Tindofara ikweyo.

Kudenga ndokwandakabva

Neshoko randinomupa;
Rinomufadza, tererai!
Ndinomuudza, farirai!

Kwakaponiwa Jesu SHE
Kuzomu murwirawo nemi;
NdiMuponesi wenyuwo,
Muzvivi womubvisa'mo.

Wauya kuponese'mi.
Magadzirirwa rugare;
Makavigirwa upenyu
Usingaperi ikoko.

Uyai, imi vana, uyai unganai!

Kumusha weBetrehema.....mose uyai!
Manenji aitwa panyika, onai!
NdiBambo vedenga vaita kudai.

Vatuma mwana'vo, waberekwapo;
Uyai, timuone maaiswa'mo;
Uvete mudanga; wakanaka sei!
Uyai vana, mose, mugwadamirei!

Maria naJos'fa ndivo varipo,
Vafudzi naivo vatosvikawo;
Vakanzwa vatumwa voimba:
Farai!
Chinzwai nemi mose, vachimuudzai!

Vatumwa vakati: Musatya, onai,
Mufaro mukuru ndowatomupai;
Onai, maponerwa mumusha uko
Wamakamboshuva wazosvikapo.

Wauya, tigoraramiswa naye;
Isu, tarashika, tigodzoswazve;
NdiMwana waBambo uvete apo;
Hendei Betrehema tinamateko!

Uyaizve, vatendi!

Ngatifare tose;
Kwazvarwa mumusha weBetrehema,
Mwana, SHE Jesu, Muponesi wedu;
Uyai, tigwadamire; uyai, tigwadamire,
Uyai, tigwadamire ISHE Jesu.

Iye, SHE mukuru,
SHE wendudzi dzose,
Wauya kwetiri, watiitirei?
Watipedzera shungu dzedu dzose;
Uyai, tigwadamire; uyai tigwadamire:
Uyai, tigwadamire ISHE Jesu.

Bva nhasi, mangwana,
Misi yose yose,
Tiimbe, titende, tionge kudai;
SHE wedu uyu Mwana woWedenga;
Uyai, tigwadamire; uyai, tigwadamire;
Uyai, tigwadamire ISHE Jesu.

Jesu, Mwana wakanaka

Wakazvarwa Betrehema;
Wakaiswa muchidiro,
Maidyira n'ombewo.
Mai vakamurindapo,
Mwana achivatamo.

Wakaburukira ini;
Wamasimba, Jesu SHE;
Imba yake ndeyen'ombe,
Wazvinipisa sei!
Wakafambidzanawo
Navachena vaivapo.

Paudoko hwake hwose
Waida Maria sei!
Wainzwa mashoko ose
Aaidzidza panamai.
Tose timuteverei,
Uyo wakanaka sei!

Meso edu achaona
Jesu nomufarowo;
Mwana uyo ndiSHE wedu
Unogara ikoko!
Wotiperekedzawo,
Agozotisvitsako!

Ndinoda SHE! isimba ra.....ngu,

Wandovangira muurombo hwose;
Musununguri pakuchema kwose,
Ngaarumbidzwe nesu to.....se!

Ndinoda SHE! watiripi.....ra;
Murazvo haungazotipi mhaka;
Misoro yedu tingazomurudza.
SHE Jesu watidzikinu.....ra!

Ndinoda SHE! pazvivi zvo.....se;
Unondisuka, ndiunondinatsa
Neshoko, uye noMweya Mutsvene
Ndigofanana naye cho.....se!

Ndinoda SHE! wondisimbi.....sa;
Panzira yake unondisesedza!
Unondichengeta panjodzi dzose,
Unondibata ndirego.....wa!

Ngatide SHE, vatendi vose;
Ngatishongane tichimurumbidza;
Pashoka dzake tose tindochema,
Tichizvipa nomwoyo wo.....se!

Chinzwa nzwi raJe.....su,

Muchengeti wa.....ko
Unoreva kwouri.
Unondida he.....re?

Ndakusunungu.....ra,
Vanga ndakara.....pa;
Wanga warashi.....ka,
Ukazowani.....kwa.

Ko mai vangara.....sha
Mwana wavapo.....na?
Nyangwe vomusi.....ya
Ndichasikufu.....nga!

Rudo rwangu u.....rwo
Haruno mugu.....mo;
Nyasha yangu ihuru,
Dzinesimba gu.....ru!

Ndakanzwa Jesu achiti:

Kwendiri chiuyai;
Manyara, maremerwawo,
Ndichamuzorodzai!
Ndauya kuna Jesu SHE,
Ndanga ndanyara sei!
Ndikazopiwa zororo,
Naye ndofara sei!

Ndakanzwa Jesu achiti:
Uyai ndigomupai;
Imvura mhenyu iyoyi,
Mutore chiinwai.
Ndauya kuna Jesu SHE
Ndatora ndikanwa;
Ndapedze nyota yangu sei
Upenyu wandipa!

Ndakanzwa Jesu achiti;
Kwendiri tarirai!
Chiedza ndinongomupai,
Ndichamuperekai!
Ndauya kuna Jesu SHE,
Izuva ranguwo,
Richandivhenekerazve
Parwendo rwangu 'rwu!

Komanyara, maremerwa,

Mune shunguwo?
Jesu ndiye uchamupa
Zororo!

Ndingandomuwana pai?
Ndomuziva nei?
Tarirai mavanga ake,
Aita sei!

Ndamutsvaka, ndamuwana,
Uchagondipei?
Tsungirira, nyange makaona
Nhamo yei!

Kana ndikatsungirira,
Ndichazoonei?
Uchamukundisa chose
Mutendei!

Kana ndikauya kwaaari,
Ha'ngarambi'ni?
Kwete! Uchachingamidzwa
Naye SHE.

Wedenga wakatida sei

Vatadzi vakadai;
Vangachengetwawo naye,
Unoti: Chiuyai!

KOROSI

Rudo rwaSHE irworwu
Rukuru-kuru sei!
Rwanditumira Jesuwo,
Agozofireni.

Ndouya zvino kuna SHE
Ndotenda Jesu sei!
Ndiwakadzikunure'ni,
Ndichamuonga nei?

Naye tapiwa rugare
Mumwoyo meduwo;
Tipei kutenda kwoga, SHE
Rugorambiramo!

Imi, matenda Jesu SHE,
Chifarirai izvo;
Muchandopiwawo naye
Upenyu ikoko!

SHE Jesu wandiitirei?

Waripa mhaka dzangu.
Ndatadza, bva wandida sei
Muraramisi wangu!
Kudenga wakakwirako,
Unondirangarira.
Ugaro hwakanakawo
Wakandigadzirira!

KOROSI

Jesu, SHE Jesu,
Muraramisi wangu!
Ndichamuona rini, SHE,
Imi Mufiri wangu?

Unosindichengeta sei,
Unonditaririra;
SHE unesimba guru sei
Rokuzondibetsera.
Minyengetero unonzwa,
Unosindidavidza.
Chengeto yake uchapa
Vanomunyengetera.

Ndinorumbidza rudo rwenyu

Nenyasha yandapiwawo;
Ndofarirawo kuda kwenyu,
Pamakandiponesa'po.
Ndisine chandamubatira;
Mandida SHE, muchindifira.

Madzingwa nei mukudenga,
Chinyi chamudzakisako
Nezvivi zvedu zvamasenga,
Makasengedzwa naniko?
Mapinda muurombo hwose,
Zvamanga makatida tose!

Ndichamutenda misi yose;
Zvamandida, ndimudewo;
Zvamakandivigira zvole,
Neni ndimushumirewo,
Nokumutsvaka misi yose,
Ndichingomupa mwoyo wose!

Ndinorumbidza nyasha dzenyu,
Panosiunganirwa'po;
Ndinogwadama mberi kwenyu
Nezvanza zvakafunyiswa,
Ndichimuonga zvamaita;
SHE wangu, Jesu, munondida!

Jesu watida,

Watiponesa;
Tapiwe nyasha
Naiye SHE!

KOROSI
Isu tinotizve:
Jesu watida,
Iyesu tose
Timudewo!

Tanga tasungwa,
Nemhaka zhinji,
Tasunungurwa
Naiye SHE!

Tanga tanyara,
Tisichagoni;
Bva tazorodzwa
Naiye SHE!

Ta'tiri vafi,
Vafi vezvivi,
Tarwirwa zvino
Naiye SHE!

Tichamutenda
Mazuva ose
Zvataponeswa
Naiye SHE.

Ndinonzwe rimwe shoko

RaJesu wa.....ngu;
Rinonditeverera
Panzira dza.....ngu.
Panhamo nomufaro,
Pandiri po.....se,
Ndinonzwe iro shoko
Nemisi yo.....se.

KOROSI

Chiuyai pandiri,
Chiuyai pandiri,
Mose maremerwa,
Chiuyai imi!

Unozotizireiko?
SHE unoku.....da.
Unamatire Jesu,
Usamura.....mba.
Bva handibvidzi ndoga
Ndokundwa kwa.....zvo:
Ndinongositsawuka
Panzira kwa.....yo.

SHE Jesu mundikwevere,
Ndigare pe.....do;
Mis'yose ndigosinzwa
Nzwi renyu nyoro.
Bva zvino handizoty;.
Ndifambe kwo.....se
Makandibatisisa
Nesimba ro.....se!

Hama yedu ndiSHE Jesu,

Unotibetsera sei!
Nhamo dzedu misi yose
Kuna iye tiisei!
Tinosha'iwe zvomufaro,
Tinosinzwe shunguwo,
Kana tisingasiendi
Kundoudza SHE Jesu!

Musi watinoidziwa,
Nyange totambura sei,
Tirege kurasha mwoyo,
Kuna SHE titizirei!
Kuno mumwe ungasenga
Nhamodzedu idzedzo?
Asi iye unoziva;
Tindoudza SHE Jesu!

Nguva yatinoremedzwa,
Tichisha'iwa simbawo,
Jesu ndiye nhare yedu,
Titizire ipapo!
Kana tichisi'wa toga,
Tindoudza Jesuwo.
Mumaoko ake ose
Tichandonyaradzwamo.

Ndinoshuva kunyeperwa

Shoko rakanakawo;
Ndera Jesu, Muchengeti,
Wakauya kunesu.

Wanga achidana vana,
Wavachingamidzawo;
Wavambunda nomufaro,
Nokufungatirawo.

Waisibetsera vose,
Nyange navachenawo,
Navarwere waipodza,
Waida vatadziwo.

Waifadza vanhu vose,
Havazati vakatya;
Wavakanganwire mhaka,
Nomufaro wavapa!

SHE Jesu ndiye unongondida;

Unosindida, unondida, neiko?
Ndivo vachinyi vaanorwira,
Neni muipi wandirwirawo.

KOROSI

Kudzai SHE Jesu, wandiponesa,
Kudzai SHE Jesu, ndiwandinoonga.
Kudzai SHE Jesu, wandiponesa,
Kudzai SHE Jesu nemis' yosewo!

SHE Jesu ndiye wondisesedza.
Wondisesedza uchazondiisepiko?
Ndotevera SHE; nyangwe panhamo,
Nyangwe mufaro, ndotenda nazvo.

She Jesu ndiye uchangondipa
Muba'ro wangu kana adzokazve;
Uko kum'soro ndichandofara.
Ndichandopiwa mubairo naye!

Ko munongoparadzirwa

Samakwai, muchatyirei?
Rudo rwaSHE rwakabata,
Munogorurashirei?

Mamboonawo Murisi
Wounyoro, wakadai?
Ndiye Jesu Muchengeti,
Kwaari chitizirai!

Shungu dzose dzapanyika,
Uye zvivi zvayowo,
Zvinonzwikwa pakudenga.
Tinonzwirwa nyasha 'ko!

Rudo rwoWedenga wedu
Ndirwo rwakakura sei!
Nounyoro hwaSHE Jesu
Hungaenzaniswa nei?

Mose munozvidya mwoyo,
Kuna Jesu chiuyai!
Chitendai, musanyunyuta
Nyasha dzake chipiwai!

Deno tanga tichimuda
Taitenda Jesu sei!
Taifara pamushana
Unodziya pana SHE!

Jesu wotirisa;

Nemiso.....dzi
Unoipisika,
Hatizo.....tyi.
Wotitungamirira,
Ngatiteverei;
Sango namafuro
Zvose titendei!

Jesu wotirisa,
Nzwi tozi.....va.
Rinotifarisa,
Tichiri.....nzwa.
Nyange torangiwa,
Riri nyoro sei!
Wotiperekedza,
Tomurambirei?

Jesu wotirisa,
Watifi.....ra;
Uye ropa rake
Ratisu....ka;
Mabwizana ake
Unozivawo;
VanoMweya waSHE,
Vake ndivavo.

Jesu wotirisa,
Ndiwoti....pa
Nyasha dzake nyoro,
Achiti.....da;
Ngatimurumbidze
Nokumudawo,
Tigondoshongana
Naye ikweyo!

Nezita raSHE Je.....su

Tinozipi.....rwa
Rinonyaradza mwo.....yo.
Rodzinga ku....tya.

Ropodza mweya ye.....du,
Rodzikami.....sa;
Rogutsa mwoyo ye.....du,
Rotizoro.....dza.

Ndoutiziro hwa.....ngu,
Bwe rokuva.....ka,
Nechivigiro cha.....ngu
Chizere nya.....sha.

Murisi wangu, Je.....su,
Murarami.....si
SHE wangu noupe.....nyu,
Ndokudza i.....mi!

Ndoonga rudo rwe.....nyu,
Ndichi mupe.....nyu;
Ndigozopinda ru.....fu
Nezita re.....nyu!

Zororo raSHE chizopiwai,

Uye munhamo mwoyo tsungai;
Rugare kwarwo chirutsvakai!
Muna SHE Jesu zvole kwashai!

Ndichamutenda mis' yosewo,
Nyangwe parufu muchavapo;
Muraramisi ndiJesu SHE,
Ndingaponeswa koga naye.

Nyangwe ndikawa, SHE, ndibatei;
Kana ndorohwa, ndinyaradzei;
Ndiri murima, chindikwashai!
Zvomunondida, mbundikirai.

Jesu, tinoshuva zvenyu,

Munyaradzi we.....du,
Tinoonga rudo rwenyu
Nadzo nziyo dze.....du.
Makaburuka kudenga,
Kuzorwira nyi.....ka;
Matifira, maripira
Vanhu varashi.....ka.

Jesu, makanzwira sisi
Vanhu vakatu.....kwa.
Nyasha, mavarwira nadzo
Vagosunungu.....rwa.
Zita renyu rakabuda
Imomo mumu.....nda
Ropa ratizarurira,
Nzira yokude.....nga

Jesu, vakamudadira,
Muchifira vo.....se.
Bambo vakamutsamwira,
Tigofara to.....se.
Golgota, ndopamanwira
Mumukombe we.....nyu;
Chinjikano makakwira,
Ndidzo nyasha dze.....nyu.

Bva upenyu hwedu hwose,
Huri muna Je.....su;
Chinjikano misi yose
Inofadza i.....su.
Tinonamatira chose
SHE, mufiri we.....du;
Mwoyo nemiromo yose
Imbai nziyo dze.....nyu!

Waroverwa Jesu SHE,

Unosekwa navadadi;
Muchengeti!
Simba renyu riripi!
Nokubwinya kuripi?

Waroverwa Jesu SHE,
Uni pachinhambo changu;
Tenzi wangu!
Pakutukwa ndirwirei,
Jesu mundichengetei.

Waroverwa Jesu SHE;
Nyika, ndingatsvaka zvako,
Kudzo yako?
Kwete, nyika, ndinoda
Kukurasha, sowafa!

Waroverwa Jesu SHE;
Nyange rufu noupenyu,
Ndiri wenyu!
Pamufaro nokufa
Ndinoda wakandida!

Uyai, tigwadamire Jesu,

Tichingomurumbi.....dza:
Zvaitwa zvose, zvatopera,
Watiripira mha.....ka;
Mubato wake waatanga,
Wakatariwa ka.....re,
Wakazopera; denga, nyika,
Vatadziwo, mufa.....re!

Musengwa wedu makasenga,
Makaremedzwa na.....wo;
Wedenga wakagamuchira
Mubato wenyu u.....wo;
Isu vatadzi tambodzingwa,
Ta'tiri kure he.....du!
Nechinjikano taswededzwa,
Yakape'su upe.....nyu!

Tinodo kusiraramira
Wedenga naSHE Je.....su;
Tinoda kumuteverera,
Tichingomupa mwo.....yo;
Mutungamiri mutirinde;
Muite basa re.....nyu,
Mumwoyo medu ngaripere,
Mugozonaka kwa.....zvo!

Pachinjikano ya.....SHE

Pandinofunga rufu rwake
Ndorasha fuma yosepo,
Ndozvidza zvose zvanguwo.

Ndirege kuzviku.....dza,
Ndikudze chinjikano yoga;
Zvakambosingofadze'ni,
Ndorasha ndichitendemi.

Mavanga doona.....i!
Urombo hwake chifungai!
Musoro, chiso, tarirai,
Makamboona zvakadai?

SHE, deno ndaimu.....pa
Ufumi hwose hwapanyika;
Chidoko chipo chakadai,
Upenyu hwose ndomupai.

Jesu, SHE wangu, chi'chamakatadza?

Ndivo vavengi vakamuparadza!
Nderipi ngava ranga ramubaya,
Nokuuraya?

Neminzwa vakamurukira hata,
Pachiso chenyu vamupfira mate;
Vakamurova, vakamupa nhamo
Pachinjikano.

Jesu, hakuna zvamakamboisva,
Bva zvivi zvangu zvakamuripidza;
Imi mapiwa nokutadza kwangu
Musengwa wangu.

Imi, Mufudzi, manzwa zvinovava
Makwai agozobuda mumangava;
Kwafira Tenzi, ndokuzorarama.
Isu varanda!

Ndakakufira kare,

Ndakuripirawo,
Ugozosunungurwa,
Upiwe upenyu;
:/: Ndakakufira iwe,
Wakandiitirei? :/:

Ndakakutamburira
Makore panowo,
Ugozondofadziwa
Kudenga ikoko;
:/: Ndatamburira iwe,
Wakandipei here? :/:

Ndasiya Bambo vangu,
Mufaro naiwo,
Kuuya pane nhamo.
Urombo, rufuwo;
:/: Ndakakusiyira zvose.
Wakandisiyirei? :/:

Bvandakakuvigira,
Ndichibva ikoko,
Chengeto yakazara,
Norudo rwanguwo.
:/: Ndakuvigira zvose,
Wakandivigirei? :/:

Umupe mwoyo wose,
Upenyu hwosezve,
Zvisungo zvidamburwe,
Upiwe rugare.
:/: Dorasha zvako zvose
Uchingotenda SHE! :/:

SHE, Muchengeti wa.....ngu

Wafira neniwo,
Ndisukwe zvivi zva.....ngu
Muropa rake 'mo.

KOROSI
Mwoyo wangu unofara,
Wafira neniwo;
Unondisunungura
Pandaisungwa'po.

PaGorgota muta.....dzi
Wasukwa kare'po
Neropa ndinatsi.....we
Pazvivi zvanguwo.

Iropa iro ro.....ga
Richazonatsazve
Vanongotenda ko.....ga
Mufiri Jesu SHE.

Zvikuru tichafa.....ra
Kudenga ikoko,
Kwatichandorumbi.....dza
Mufiri weduwo.

Chinjikano ndirero

Tsime roupenyu;
Rinopodza vose, SHE,
Vanouya kwenyu.

KOROSI

Ipapo, ipapo,
Jesu ndichakudza;
Kusvikira ikweyo
Ndichimurumbidza.

Chinjikano, ipapo
Ndanga ndichihuta;
Bva nenyasha ndipapo
Pandakazofara.

Maratidza ipapo
Tsitsi dzenyu huru;
Misi yose ndibetserei
Kudzifunga kwazvo!

Ndorambira ipapo,
Ndichitenda koga;
Pamwe handizivi 'po,
Asi apo poga.

Nyika, chifarai!

Swederai kudenga,
Chimuimbirai!
Jesu Kristu SHE
Unokwirazve
Ikoko kudenga!

Zuva, mwedzi, inzwai!
Mumukudzei mose;
Denga, fugamai!
Navatumwa 'ko,
Nemi vanhuwo,
Ngationge tose!

Vanotenda SHE,
Swedera-i pedyo!
Musachemazve,
Chimuimbirai!
Jesu, tarirai,
Waenda kudenga!

Jesu mupenyu,
Mutiise pedyo!
Chigarai nesu!
Tiraramewo,
Kundofarako,
Ikweyo kum'soro!

Zuva irero
Robva rotosvika;
SHE wakwirako,
Unoda isu;
Ngatiendewo,
Watitungamira!

Jesu wakamukazve,

Muponesi ndimupenyu!
Ndichiziva izvozvi.
Ndinofarira upenyu;
Nousiku hworufu
Handichahutyi uhwo.

Jesu wakamukazve,
Uchandipawo upenyu;
Ndichandomuonako
Jesu SHE uri mupenyu;
Vanh, chimushumirai
Tenzi wenyu wakadai!

Bvamiviri yakadai
Ndeyenyama yoparara;
Bva nemitsva, chizivai.
Tichamuka mumarara;
Tichagara nayewo
Mupenyu ikweyo.

Navatendi, chifarai!
Jesu wakamuka hake;
Nokuhuta chiregai,
Nemi muchamutswa naye;
Nzwi rinozonzwikawo
Navo vomuhwiro 'mo.

Mbira dzinorira,

Vanoimbazve;
Suwo rakashama
Panopinda SHE;
Jesu wakakwira,
Mukudenga'mo;
Unogwadimirwa
Navagereko.

KOROSI

Zvose zvakapera,
Ngatiimbezve:
'Jesu wakakwira,
'Ngatikudze SHE!"

Ndiye watifira,
Wakarwire'su;
Zvino wokudziwa,
Worumbidzwapo.
Ha' chazokundiwi,
Kristu Jesu SHE;
Nhamo ha'zozivi
Nyange kufazve.

Unonyengetera
Zvino, aripo;
Unoshovedzera
Vanhu vakewo!
Unogadzirira
Vana vake'po;
Vanomushumira
Vachaendako.

Jesu SHE mupenyu!

Hakuchina zvinotyisa;
Watipa upenyu,
Shungu dzose wakapwisa.
Hareruya!

Jesu SHE mupenyu!
Zvino suo roupenyu
Rashamira isu
Tozosvikapo parufu!
Hareruya!

Jesu SHE mupenyu!
Watifira, tomutenda.
Unonatsa isu;
Ndiye watinokudzisa.
Hareruya!

Jesu SHE mupenyu!
Rudo rwake rwatibata:
Hakuchine chinhu
Chotigurisa ukama.
Hareruya!

Jesu SHE mupenyu!
Wakabata ushe hwose;
Ngatisiye zvedu,
Kundofara naye chose.
Hareruya!

“Chimukai, usiku hwaenda,”

Inharirire dzinodana:
“Jerusarema chisvinurai!”
Vati kunzwa manzwi adzo
Vodana, vachifara havo:
“Usiku hwaenda, chimukai!
Chimuchingamidzai,
Nemwenje chiendai
Kuchikomba;
Mugondopinda kamwe’po
Paimba yomutambo’wo!”

Kuchinzwika nziyo dzavo
VeZion vakafara havo,
Pakarepo vomukawo.
Mhandara nemwenje yadzo
Dzondoshongana zvino nacho,
Dzoimbawo saizvozvo:
“Mudiwa, SHE, hendei,
Mufaro tipindei,
Hareruya!
Tichandopinda nemiwo,
Muimba yomutambo’mo!”

Ngatimukudzisei tose
Kudenga napasi pose
Tiimbe, tichiridzawo
Pakudenga’ko panobwinya
Sohwerazuva hunovaima,
Vatumwa vachiimbapo,
Tigondopiwa ’po
Zvishamiso
Ndopatichaindawo
Bva pano tinofara SHE
Toimba rwiyo rweduzve!

Mukai, imi, imbai,

SHE Jesu rumbidzai;
Marimi ose chimutsai,
SHE wedu chikudzai!

Bvarudo chimukai,
Wafire'su narwo;
Kumuka kwake rumbidzai
Kukwira kwakewo!

Vatendi, chiimbai!
Varwirwa chifarai!
Mazuva ose chiimbai!
SHE wenyu chikudzai!

Tichamukudza 'ko,
Tasvika ikweyo;
Tichandomuimbirawo
Kudenga ikoko!

Ndichaimba zvaSHE Jesu,

Zvaakada neniwo,
Wandifira' po padanda,
Wandisunungurawo.

KOROSI

Imba neni zvaSHE Jesu,
Wandifira neniwo;
Wakaripe mhaka dzangu,
Wandisunungurawo.

Ndichasinyepera vamwe
Zvandatengwa naye SHE,
Wakazondinzwire ngoni
Wandidzikinurazve

Ndichakudza Jesu wangu,
Une simba guru sei!
Ungandikundisa zvivi,
Rufu rungandiitei?

Ndichasiimbira iye,
Muchengeti wanguwo,
Unozondiperekedza
Kundisvitsa ikoko.

Zita raSHE Je.....su

Rakanaka-naka sei!
Ringakundwa neiko?
Rinozipa sei!

KOROSI
Tidzidzei nesuwo,
SHE! nesuwo,
Tidzidzei nesuwo
Shoko renyu.

Rudo rwaSHE Je.....su
Rwakakura-kura sei!
Rwa'tivinga na.....rwo,
Rwakakura sei!

Ropa raSHE Je.....su
Rinokosha-kosha sei.
Rinosukai.....su,
Rinokosha sei!

Rugare rwa Je.....su,
Rwaanozotipawo,
Tichafara na.....rwo,
Pakudenga' po!

Jesu ndowangu, ndofara sei;

Zvandiri wake, ndichatsvakei?
Neropa ndasukiwa naye,
Ndapiwe nhaka naBambo SHE

KOROSI

:/: Ndicharumbidza SHE wangu sei
Nenziyo dzangu ndimukudzei! :/:

Ndinozorora norugare,
Ndinositenda kuda kwaSHE;
Nyasha norudo unondipa,
Ndinosifara nowandida!

Ndakachengetwa, ndinomuda,
Chandinosha'iwa hapachina,
Meso anongotarira SHE,
Ndapiwe nyasha huru naye!

Murapi wedu uripo

NdiMuponesi Jesu;
Ndiunotinyaradzawo,
Chinzwai, inzwi raJesu!

KOROSI

Zita rakanaka sei
Rwiyo rwake tiimbei
Zvose zvake tikudzei
Jesu, ndiSHE Jesu

Musukwe zvivi zvenyuwo,
Chinzwai, inzwi raJesu!
Mugondosvika ikoko
Kugara naSHE Jesu.

Rinosindifadzisa sei,
Izita raSHE Jesu;
Ndingarionga zvino nei?
Izita raSHE Jesu.

Uya-i vedu! tiimbe,
Tichirumbidza Jesu;
Uyai, ngatirikudzei!
Izita raSHE Jesu!

Bva tazosvika ikweyo,
Tichazoona Jesu;
Tichandorirumbidza'ko,
Izita raSHE Jesu!

Ndichamugamuchira

Nokuchingura nei?
Ndichamunamati-ra
Nokubatira sei?
SHE, mundiudze kwazvo,
Muchanakirwa nei?
Zvomunotenda nazvo,
Ndingamufadza sei?

VeZion vakawadza
Mashizha kareko;
Neni handingaregi
Kumuchingurawo;
Nomwoyo wangu wose
Ndichamuimbirai,
Ndinoda kumukudza,
Nokumurumbidzai!

Ndakanga ndakasungwa,
Madzikunure'ni:
Ndakanga ndakanyadzwa,
Ndamutswa, SHE, nemi;
Mandivigire fuma
Yabva kudenga'ko;
Ndiyo yokusaora,
Nokusaperawo.

SHE JESU uchauya
Kuzotongesazve;
Bva avo vakatenda
Havangazomutyi;
Uya-i Tenzi Jesu!
Kudenga tiisei,
Kwatichafara isu,
Tichinakirwa sei!

SHE Jesu mose rumbidzai,

Vatumwa gwadamai!
Zvoushe hwake farirai!
Kudzai SHE, imi, mose:
Iye SHE kudzai!

Vasunungurwa, tarirai
SHE wenyu, chimudai;
Nezvipo zvenyu chiuyai;
Kudzai SHE, imi, mose:
Iye SHE kudzai!

Bwizana raSHE chiongai,
Mufiri chitendai;
Chengeto yenyu farirai!
Kudzai SHE, imi, mose;
Iye SHE kudzai!

Ikweyo kuchanzi: Farai,
Uyai, chigwadamai!
Varwirwa vose, fugamai!
Kudzai SHE, imi, mose;
Iye SHE kudzai!

SHE wapinda, SHE wapinda!

Zvimwe zvose chibudai!
Zvose zvose zvakadzingwa;
SHE, mumwoyo chiusai!

SHE wapinda, SHE wapinda!
Nyunyutiro, chibudai!
Mwoyo wose ndakamupa,
Zvose zvawo chiusai!

SHE wapinda, SHE wapinda!
Ropa rake chionai!
Neni ndinoda kumupa
Zvangu, SHE, chizvitorai!

SHE wapinda, SHE wapinda
Zvinonetsa, chibudai
Ushe hwake SHE wabata,
Zvichemedzo chiperai!

Toonga Ba.....mbo

Nemwoyo yedu yose;
Ndivakazvi'.....ta
Zvikatyamadzo zvose;
Ndivatina.....tsa
Upenyu hwose;
Vanotifadza,
Nenyasha dzo.....se.

Wedenga u.....yo
Agare nesu tose,
Achingoti.....pa
Rugare misi yose;
Parwendo rwe.....du
Atifambi.....se;
Pamadambu.....dzo
Atichenge.....te!

Tinorumbi.....dza
Wedenga, Bambo vedu!
Muzvare, u.....ye
Muperekedzi wedu;
Mwari ndimu.....mwe
Watinoku.....dza:
She ndohwa.....ke
Nokusagu.....ma!

Tendai tendai!

Titende SHE!
Unyoro hwake
Nenyasha dzakewo,
Mis' yose zvinesu!
:/: Mis' yose zvinesu! :/:

Timukudzei!
Tikudze SHE!
Mifungo yedu,
Nemwoyo yeduwo
Fungai zvaakupai!
:/: Fungai zvaakupai! :/:

Tokuongai,
Wesimba, SHE!
Usiku hwose,
Nezuva rosewo,
Munotirinda sei!
:/: Munotirinda sei! :/:

Ndiani kudenga 'ko,

Unogwadamirwa' po?

KOROSI

Ndiye SHE wesimba rose,
Ndiye SHE wavanhu vose;
Ngatimugwadamirei,
SHE wawashe tikudzei!

Ndiani musango 'mo,
Wozvinyima kudya 'po?

Ndiani wochemawo
Pakavigwa Razaro?

Ndiani kumunda 'ko,
Unonyengetera'po?

Napachinjikanowo,
Ndiani wofira' po?

Ndiani womukazve,
Unotipa rugare?

Ndiani kudenga 'ko,
Unobata ushe' po?

Farai! mukudze SHE,

SHE wenyu rumbidzai!
Chiimbirai iye,
Muonge, muchidai!
Bva manzwi enyu murudzai,
Farai! Ndinotizve:
“Farai!”

Wadzikunure’su,
NdiSHE wazvokwadi;
Wakwira ikweyo,
Wabata ushezve,
Bva manzwi enyu murudzai,
Farai! Ndinotizve:
“Farai!”

Bva ushe ihwohwo
Huchakundiwa nei?
Iye Jesu ISHE
Wapiwe simba sei!
Bva manzwi enyu murudzai,
Farai! Ndinotizve:
“Farai!”

Mimwoyo chitsungai,
SHE uchaunyazve;
Varanda, chifarai,
Muchandoona SHE;
Hwamanda yaSHE mirirai
Yobva yodana:
“Chifarirai!”

SHE wakakunda papfumo kudzai!

Simba, nenjere, nefuma, ipai!
Ushe, kubwinya, nezvipo zvakadai,
Zvinofanirwawo SHE wakadai!

Ndiwakakwira kudenga uko,
Ndiwakabata ushe hwake' po;
Ndiwakadzikwa korona, onai!
Unoimbirwawo nziyo, inzwai!

Denga kum'soro rofarira SHE;
Nyika naiyo yokudza iye;
Gungwa, makomo, maruva, zvose
Zvinoparidza rumbidzo yaSHE!

Jesu, Mufiri, timuimbirei;
Ngatisimuke, timuuchirei;
Kristu, Bwizana, watambura sei!
Bva wakamuka, timurumbidzei!

NdiMweya waJesu

Unorwa newe;
Bva pamwoyo pako
Woguhudzazve;
Usamudzivisa,
Unongovapo;
Bva kuda mangwana
Uchazobvapo.

Bvamwana waBambo,
Pazvivi ibva!
Uzadzwe noMweya,
Waakatipa;
Usamusvavisa,
Aregobvapo,
SHE wako mukuru
Agokudzwawo!

Ugaro hwaJesu!
Hwaipawo sei!
Nomwoto woMweya
Wodzimawo sei!
Bva ungapfutidzwa
Norudo rwaSHE;
Urege kudzimwa,
Murima ubve!

SHE! ndinonzwa matumira

Vamwe Mweya we.....nyu!
Neni ndinonyengetera
Donditereraiwo!
Neniwo! Neniwo!
Donditereraiwo.

Musandidarika, Bambo!
Ndakachinya ha.....ngu;
Bva mundipe nyasha dzenyu,
Ndinzwirei uro.....mbo!
Neniwo! Neniwo!
Ndinzwirei uro.....mbo!

Musandidarika, Jesu!
Ndigogara ne.....mi;
Ndibatei norudo rwenyu,
Mundidane ne.....ni!
Neniwo! Neniwo!
Mundidane ne.....ni.

Musandidarika, Mweya!
Mugondisvinu.....dza;
Zvose zvandapiwa nemi
Muzondirati.....dza;
Neniwo! Neniwo!
Muzondirati.....dza!

Rudo rwoWedenga wangu,
Ropa roMufi.....ri,
Uye nyasha dzenyu huru,
Ndizvigamuchi.....re!
Neniwo! Neniwo!
Ndizvigamuchi.....re!

Tomuda imi Mweya sei!

Pindai kwetiri, mutipei
Chiedza chokum'soro;
Uya-i, chitionesai;
Nesuwo, chitiponesai
Nenyasha dzenyu nyoro!
Uyai, uyai, mutizadze mutifadze;
Zuva redu!
Vheneka-i mwoyo yedu!

Uya-i mutidzi'sezve,
Mimwoyo yedu ngaitsve
Norudo rwaSHE Jesu!
Zvikuru mutisimbisei,
Mimwoyo yose timupei
Mugozogara nesu;
Pisai, bvisai zvakaipa, mugotipa,
Isu tose,
Mwoyo mitsva misi yose!

SHE, Munyaradzi, chipindai!
Vanonzwa shungu, chivapai
Rugare nomufaro!
Bva isu chitinatsisai,
Kuna SHE chitikweverai,
Tifadzwe nokudaro!
Uyai, uyai, mutimutse,
tisimuke,
Tigoenda,
Tigosvikako kudenga!

SHE Jesu, achi.....kwira

Kudenga u.....ko.
Watitumira Mwe.....ya,
Kuva nesu!

Wauya kunyara.....dza
Mimwoyo ye.....du;
Wotsvakawo kupi.....nda,
Kugaramo.

Tinosinzwa nzwi ra.....ke.
Richitira.....nga;
Rinotidzikami.....sa
Patinotya.

Nezvose zvakana.....ka
Zvinobva kwa.....ri;
Mifungo yakana.....ka
Ndeyakezve.

Wenyasha nouna.....ko,
Titarireiwo;
Mupinde ikozvi.....no,
Musabvamo!

Isa-i rudo rwenyu

Mumwoyo ma.....ngu;
Ndigozorora kwa.....zvo,
:/: Ndasimba na.....rwo! :/:

Bva mwoto wenyu, Je.....su
Upfute po.....se;
Upise zvivi zva.....ngu,
:/: Zvigobva cho.....se! :/:

Imi, wePenteko.....sta,
Pindai mumwoyo.....;
Imi, mashanangu.....ka.
:/: Uyai 'kozvi.....no! :/:

Kudero mwoyo wa.....ngu
Wogadzika.....na;
SHE, ndiyo fuma ya.....ngu
:/: Yondiringa.....na! :/:

Muviri wangu, Jesu,

Nomwoyo ndomupai;
Chive chiba'iro changu
Chandamuvigirai!

KOROSI

Ndazviisa paartare,
Ndinomumirirai;
Jesu, mwoto wenyu
Kwendiri dotumai!

SHE Jesu wamasimba!
Nzwi rangu murinzwei;
Muchandinatsa chose
Neshoko renyu, SHE!

SHE, mwoto watsawurwa
Mumwoyo burusai;
Zvamakandiravira
Nenyasha chindipai!

Ndozvipa chose, Jesu,
Hangingadzokizve;
Uyai nomwoto wenyu,
Pisai chibayiro, SHE.

SHE Mweya, douyai, chiburukai!

Senjiva nyoro chidzirai;
Mutichengete, chitiperekai,
Mifungo yose rayirai!

Tipei chiedza chamazvokwadi
Mutizivise zvenyu, SHE;
Mumwoyo medu tipei nyashawo,
Tirege kuzorashe 'dzo!

Mutiratidze nzira yenyuwo,
Tigozotsungirirapo;
Mutisesedze kuna Jesu SHE
Tirege kumusiyazve!

Mutisesedze, ti'nde ikoko;
Kuno mufaro, rudowo;
Mutisesedze kuzororo 'ko,
Kumusha kwedu ikweyo!

Mundipe Mweya, SHE,

Upenyu hwu.....tsva;
:/: Ndigoda zvomuno.....da.
Nokumufadza! :/:

Mundipe Mweya, SHE.
Ndinatswe mwo.....yo!
:/: Ndigozotsungiri.....ra
Pazvose zve.....nyu. :/:

Mundipe Mweya, SHE,
Ndigova we....nyu;
:/: Mwoy' wangu ugozo.....tsva
Nomwoto we.....nyu! :/:

Mundipe Mweya, SHE,
Ndigosazo.....fa;
:/: Ndigozondorara.....ma
Nemi kude.....nga. :/:

Vanhu, chitendai Wedenga;

Ndiye wakazotimutsa;
Wakauya achitida,
Kuzorwira vakaipa;
:/: Wanga achitida sei! :/:

Musaramba kumutenda,
Pana Jesu mugouya,
Chirega-i kurashika.
Chikwashai kuchengetiwa.
:/: Kufa munotsvakirei? :/:

Fugamai kuM'ponesi,
Mukumbire, muti: "Jesu,
Mwoyo yedu tinomupa,
Ive yenyu yenyu yoga!"
:/: Tichafarisisa sei! :/:

Wedenga ndiMuumbi

Wavanhu Vo.....se;
Takanga tamusiya,
Tidzoke cho.....se;
Ndiwatiraramisa,
Tofara to.....se!
Ngatibvumire zvino
Nesimba ro.....se!

NdiMuponesi wenyu
Wamuzivi.....sa
Mashoko oupenyu
Anofadzi.....sa.
Dzokai mutende henyu,
Mugozoro.....ra;
Dzokai, mupiwe zvino
Zvokusao.....ra!

SHE wedu wakanaka
Watiripi.....ra
Mangava akashata,
Achitifi.....ra.
Hendei, ti'nde kwaari.
Tigondotsva.....ka
Zvatavigirwa pa'ri,
Tigozvipi.....wa!

Muuye kuna Jesu,

Muzvivi chibudai!
Marasha Tenzi wenyu,
Kwaari dzokerai!

SHE Jesu unotida,
Kuipa tirashei;
Kudeno tichitenda,
Uchatifadza sei!

Timupe mwoyo yedu,
Upenyu tikwashei
HwaJesu Kristu wedu,
Kudenga tipindei!

Nzwirenyu ndinonzwa,

Rinondida.....na,
Kuuya zvino kunemi,
Ndigosuki.....wa!

KOROSI
Ndinouya SHE,
Zvino neniwo!
Ndisukei SHE, ndinatsei
Neropa re.....nyu!

Ndakamuchinyirai,
Bva munenya.....sha;
Mangava angu chirashai,
Mugondina.....tsa:

NdiJesu wandida,
Wakandirwi.....ra;
Unonditungamirira,
Agondi.....svitsa.

Ndotenda ropa sei,
Ndotenda nya.....sha;
Ndotenda Jesu Kristu SHE
Wakandifi.....ra!

Mhaka inopedziwa nei?

Asi neropa raJesu!
Ndingaona upenyu sei?
Asi neropa raJesu!

Zvivi zvinobvisiwa nei?
Asi neropa raJesu!
Ndingazoraramiswa sei?
Asi neropa raJesu!

Svina inosukiwa nei?
Asi neropa raJesu!
Zvimwe ndichazokwashirei
Kunze kweropa raJesu?

Ndingazorungamiswa nei?
Asi neropa raJesu!
Ndichazochengeteka sei?
Asi neropa raJesu!

Ndinomuchema, Muponesi wangu,

Zvandaremerwa namangava angu,
Hakuna mumwe ungandiponesa
Wandinoziva.

Naizvozvo ndauya mberi kwenyu,
Zvandinosinzwa riya Shoko renyu,
Rinotiudza zvamatiitira,
Muchitifira!

Makandifira, ini ndakatadza,
Ndakamunetsa, imi mandifadza;
Ndakamuramba, imi manditsvaka,
SHE wakanaka!

SHE wangu, Jesu, makandida sei!
Nenyasha yenyu ndaiona ne-i
Ndikaponeswa nounyoro hwenyu
Nokuda kwenyu!

SHE, ndibate-i noruoko rwenyu,
Mundichengete, ini, mwana wenyu,
Mupinde, ndamuzarurira mwoyo,
Jesu, SHE wangu!

Vanhu, uyai kuna Jesu SHE,

Mucharatidzwa nzira naye;
Nhasi unomudana nemi,
Achiti: Chiuyai!

KOROSI

Tichazondofara ikweyo,
Kwatichandosunungurwawo,
Kana tazoshongana naSHE,
Uko kudenga 'ko!

Vose vauye; ngatimunzwei;
Nzwirake tose tifarirei!
Zvino ngatimushanangurei!
Tichanonokerei?

Uri pakati pedu, fungai!
Unomudana, chitererai;
Nzwi rake nyoro mose inzwai:
“Kwendiri douyai!”

Vachinyi vangesunungurwa.

Tifarire shoko iri!
Mufiri ndiwatiripira.
Mangava apedzwa naye.

KOROSI

Tenda-i, vachinyi, tenda-i!
Ishoko razvokwadi'ro!
SHE Jesu ndiwakamufira;
Ndiunomupai upenyu!

Watisunungura parufu,
Watipawo nyasha, inzwai;
Watizarurira chitubu,
Tisukwe neropa, uyai!

SHE Jesu wakurira zvivi,
Zvatorerwa simba razvo;
Navose votenda kwaari
Havachakundiwi nazvo!

Chigamuchirai nyasha dzake.
Kuna SHE chikurumbidzai;
Nokuti wauya paari
Ha'ngazomurambi, tendai!

Uyai mose makashata,

Mose marashikawo;
Jesu unomumirira,
Unomudanirako;
Une simba! Une simba!
Musatya kutendawo!

Navachena, mungauya,
Muchachingamidzwawo!
Munofana kundotsvaka
Kanganwiro ipapo
Pana Jesu! Pana Jesu!
Chiuyai, mupiwe'yo!

Chirega-i kunonoka,
Uyai nhasi, chitendai!
Chimwe choga chinorehwa
Mwoyo wose chimupai
Chidura-i! Chidura-i!
Zvivi zvenyu chirashai.

Imi mose, maremerwa,
Nyange makanyara sei!
Swederai ikozvino,
Rufu muchatsvakirei?
Unodana! Unodana!
Nyange vakatadza sei!

Navatumwa vokudenga
Vachafara ikoko;
Musha wose wakanaka
Uchafarisisako;
Hareruya! Hareruya!
Tingarwirwa nesuwo!

Pindai, pindai, mutambo uripo;

Munodaniwa kuzopindawo!

KOROSI

Pindai, pindai, ugaro huchimo.

Rodokuvira zvino pinda-i.

Kwodokusviba, chimbidzika-i!

Yodo-kuzara imba iyeyo;

Pindai, pindai, Chikomba chavapo!

Rakazaruka suo irero,

Ndorudo rwaSHE; nhambo ichipo!

Kudenga kwose kwomumirirai,

Inzwai, vatumwa vanomudanai!

Nzwi ravo rinonzwika, tererai!

Musanonoka, zvino chipindai.

Pasuo rakashama 'po

Ndoonawo chiedza,
Chinobve Gorgota uko,
SHE wakachitungidza.

KOROSI
Inyasha huru idzedzo;
Ndingandopinda ipapo;
Neni! Neni! ndingandopindawo.

Rakashamira ipapo,
Vodo kuuya vose;
Vachena navafumiwo,
Marudzi ose ose!

Musatya henyu, chiuyai,
Mugozopinda naro!
Kudenga SHE uchamupai
Korona yomufaro!

Bva seri kwaro ikweyo
Kuchema kunosi' wa;
Tichandoona Jesu'ko,
Uko kunofariwa.

Ndapofumara, SHE,

Ndisesedzei!
Ndinongoona rimawo,
Usiku hwakanyanya sei
Nda'bofu, SHE!
Ndapofumara, SHE!

Handinzwi, Jesu SHE,
Ndidziurei!
Gwai renyu richaterera
Nzwi renyu rarinoda sei!
Handinzwi SHE
Handinzwi, Jesu, SHE!

Ndino urombo, SHE.
Kudya ndipei!
Zvenyika ndozvirambawo,
Ndopanga zvokudenga sei!
Nda'rombe, SHE!
Ndino urombo, SHE!

Ndotenda, Jesu SHE,
Ndigachirei!
Ndione, ndinzwe, ndidyewo,
Imi mafuma zvose sei!
Ndotenda, SHE!
Ndotenda, Jesu SHE!

Ndachinya; SHE, ndoripa nei?

Handine zvose, ndoitei?
Zvamandifira, ndichatyei?
Ndouya ndakadai!

Ndachinya; ndakashata sei!
Bva zvino ndichagarirei?
Neropa renyu ndirwirei,
Ndouya ndakadai!

Ndachinya; ndigamuchirei.
Nekanganwiro mundipei;
Ndotenda shoko renyu sei!
Ndouya ndakadai!

Ndachinya; rudo rwenyu, SHE,
Runondinatsa mwoyozve,
Runongondipa rugare;
Ndouya ndakadai.

Ndachinya; misi yose SHE.
Kwomuri ndichauyazve,
Upenyu hwose ndimupei;
Ndouya ndakadai!

Chinzwa! Chinzwa! ndiani?

Terera, terera, nzwi rani?
Kuno mweni pamukova
Unoda kupinda 'mo;
Ndiye Jesu, SHE mukuru,
Chimuzarurira 'po.

Chinzwa! Chinzwa, uripo,
Terera, terera, chi'nda 'po!
Simba rangu rakoniwa,
Ndichabvidza ndoga sei
Kuzarura mwoyo wangu?
Jesu SHE, ndibetserei!

Chinzwa! Chinzwa, uchi'po.
Terera, terera, hongowo.
Noruoko rwakabayiwa
Unogu'dza uripo;
Uye meso ounyoro
Anokuchemerawo!

Mose chitererai!

SHE wenyu doonai!
Unoguhudza, woti: Zarurai!
Rudo rukuru sei!
Marunonokerei?
Muzarurire, muti: Chipindai.

KOROSI
Muzvipe chose
Nomwoyo wose;
Mose 'mi, mose, kwaari tendai!
Nhasi mutende, muchiti:
Pindai!

Usakaterera,
Achimushoora,
Uchazoshayiwa mufaro waSHE.
Bva wakazarura,
Achimufarira,
Ndiye wopiwa mufaro naye.

Chizorora, mweya wangu;

Bambo vako ndi.....SHE,
Zvose ungazvishandura,
Ha'shanduki i.....ye.

Vanhu vose vanoshuva,
Rugare hava.....na,
Vachifunga zvinouya,
Vachida zvae.....nda

Chizorora, mweya wangu;
Tenda zvawapi.....wa;
Ona, zvose zvinopera;
Shuva iye o.....ga!

Kana uchingonzwe njodzi,

Rega kunyuny.....ta
Uri pedo Mubetseri!
Kana uchingonzwe njodzi,
Rega kunyuny.....ta
SHE uchakurwi.....ra.

Zuva redambudzo guru,
Tarira SHE o.....ga,
Nyengeterawo zvikuru.
Zuva redambudzo guru,
Tarira SHE o.....ga,
Simba rake ro.....ga.

Amen, Amen, shoko rake
Rine zviravi.....rwa;
Nyange chimwe hachiputswi;
Amen, Amen, shoko rake
Rine zviravi.....rwa;
Ndozvinamati.....ra!

Rega hako kufunganya
Zvaakatiu.....dza;
Zvamangwana usazvitya,
Bambo vachakubetsera,
Zvavakatiu.....dza;
Vachakuchenge.....ta!

Ndinofadzwa misi yose,

Ndinokombore.....rwa;
Uye madambudzo ose
Ndinoshanduri.....rwa;
Uye pose pakawoma
Mvura ndinosiiona;
Nyange pausikuwo
Ndinovhenekerwapo.

SHE, mazuva omufaro
Anga akawa.....nda;
Anga achisha'iwa nhamo
Achingoere.....ra!
Njodzi, uye kutambura,
Zvanga zviripo zvisoma;
Namazuva ose, SHE,
Ndovigirwa zvitsvazve.

Bundo, uye nzizi dzose,
Gungwa rakadzi.....ka;
Miti namakore, zvose
Tinokombore.....rwa;
Misi yose tinopiwa
Rudo rwenyu, uye simba;
Bambo, tibetsere'su,
Kuti timuongewo!

Kana paupenyu hwuno
Matipavuri....ra,
Muchazotivigireiko,
Apo pakude....nga?
Kana takapedza rwendo,
Takazova nomukundo,
SHE uchazotipawo
Mubayiro weduko!

Nyararai henyu,

Vana vaSHE!
Zvigadzei mwoyo.
Shungu dzipwe!
Musazotya,
SHE unonzwa;
Chikumbirai,
Uchamupai;
Munhamo dzose
Danidzirai;
:/: Wogona zvose,
Unomunzwai! :/:

Togara hedu,
Tiri vaSHE!
NdiBambo vedu,
Shungu dzipwe;
Tichagotyei?
Tichachemei?
Timutendei,
Wotida sei!
Jesu, SHE wedu,
Tichengetei;
:/: Munhare yedu
Mutivanzei! :/:

Ndasiya zvole pana SHE ka...re,

Wakandisengera zvi.....vi;
Ndiwandiripira cho.....se,
Akafira zvivi zvo.....se;
:/: Bva musengwa wangu
ndokuwa Ipapa! :/:

Ndosiya zvole pana SHE cho...se,
Ndomutenda misi yo.....se;
Zvino ndinofara ko.....ga
Pachifuva chake cho.....ga;
:/: Pose ndichatevera iye,
Jesu SHE! :/:

Dosiya zvole pana SHE wa....ko,
Chimuudza zvole zva.....ko;
Ndiye une simba ro.....se,
Wakabata ushe hwo.....se;
:/: Mwoyo wake unokuda sei
Uchatyei? :/:

Kana nhamo zhinji dzokukomba,

Iwe uchityawo kuparadzwa,
Rava zvose zvawakambopiwa,
Uchaona zvawakaitirwa.

KOROSI

Rava zvose zvaakakupa,
Funga zvose zvaakaita;
Rava zvose, chiverenga;
Uchazokanuka zvawakapiwa.

Kana mwoyo wako waremerwa,
Ukazokoniwawo musengwa,
Dzinga nyunyutiro, chiverenga
Komborero dzaSHE dzaakupa.

Kana uchiona vakafuma,
Rangarira zvawakavigirwa:
Funga wakandokugadzirira
Fuma yako zhinji pakudenga.

Tofara sei munyika yakadai?

Iropa raSHE roti: Zororai!

Tofara sei, tichingonetswazve?
Mufaro kwawo kubatira SHE?

Tofara sei munhamo dzakadai?
Inzwi raSHE roti: Nyararai!

Tofara sei nehama dzisipo?
SHE uri pedyo navo nesuwo!

Tofara sei, tisingazivi'su?
Toziva Jesu, ndiye SHE wedu!

Tofara sei, norufu ruripo?
SHE Jesu wakakunda rufuwo!

Chimborega! tichandofarapo;
SHE Jesu wotidanira uko.

Rudo rwaSHE Bambo vedu

Rukuru;
Nounyoro hwoWedenga
Ukuru;
Ropa raSHE ratipodza.
Nyasha yake yatifadza,
Noruoko watirwira,
Tofara!

Nyange tichaone nhamo,
Hatityi;
Wakatipawo chengeto,
Zvokwadi!
Kuna Jesu tinotenda,
Toshumira SHE Wedenga
Mweya wotiperekedza,
Tofara!

Tinongositarirawo
Mufaro!
Kunyanguva tichichema
Totenda!
Bambo vedu vanotida,
Jesu wotitaririra;
Rufu nyange ruchisvika
Tofara.

Jesu, imi moga

Ndichate.....nda;
Nyange ndarashika
Mondidzo.....sa.
Pasi nokudenga,
Wofanana nemi,
Mandifi.....ra!

Jesu, zita renyu
Ndingate.....nda,
Iro matumidzwa
Pakuzva.....rwa;
Napachinjikano
Rakanyo.....rwa;
Ndingatenda iro,
Renyu ro.....ga!

Jesu, rudo rwenyu
Ndinote.....nda;
Ndimi mainzwira
Vose nya.....sha.
Namaperembudzi
Maapo.....dza;
Kwa'kusino mumwe
Waidzi....ngwa.

Jesu, shoko renyu
Ndinote.....nda!
Hanginganyunyuti
Zviravi.....rwa.
Uye ropa renyu
Rinoko.....sha.
Zita, shoko, ropa,
Zvandirwi.....ra!

Rwizi rorugare,

Rwakanaka sei!
Musi woruzere,
Rwodziviswa nei?
Runodira kwazvo,
Rwoerera sei;
Rwakafara harwo,
Nokudzika sei!

KOROSI
Vanotarira SHE
Vonatsiwawo
Nairwo rugare,
Uye zororo.

Paanotivanza
Pfumo haripo;
Tirimo muchanza,
Todzitirwamo!
Hakune funganyo,
Kana kutyawo;
Nyange dzimwe nhamo
Hadzipindimo!

Nhamo nomufaro
Zvobva pana SHE.
Zvipo zvake izvo,
Zvaatipazve;
Ngatitende chose
Rudo irworwo;
Vamutenda vose,
Vobetserwawo!

Tsime romufaro wose!

Mwoyo wokuo.....nga
Chindipai mazuva ose,
Ndigomurumbi.....dza.

Ino Ebenez're yangu!
Mandisvitsa pa.....no.
Bambo ndisedzwe hangu
Ndigosvika u.....ko.

Jesu ndiwakanditsvaka,
Ndanga ndarashi.....ka;
Wakandiripire mhaka,
Ndiwakandifi.....ra.

Nyasha dzenyu dzakurisa,
Dzondipavhuri.....ra;
Ndidzo dzichandisimbisa
Kumunamati.....ra.

Bambo, ndinoziva hangu,
Ndinosimusi.....ya:
Bva ndomupa mwoyo wangu,
Mugouchenge.....ta.

Jesu, munondi.....da,

Nditizire kwe.....nyu;
Mugondichenge.....ta
Pachifuva che.....nyu.
Dutu rinori.....ra,
Mvura yondimi.....nya;
Ndomunamati.....ra,
Zvigondidari.....ka!

Utiziro hwa.....ngu
Jesu, ndimi mo.....ga;
Mubetseri wa.....ngu,
Ndisagara ndo.....ga.
Ndinongomute.....nda,
Munonditsigi.....ra;
Pandasha'iwa si.....mba
Munganditsigi.....ra!

Kristu, Muchenge.....ti,
Ndimi wandino.....da;
Simba, nyasha, njere,
Zvose munondi.....pa;
Makashanangu.....ka,
Ndine zvivi zvo.....se,
Ini ndakasha.....ta,
Munobwinya cho.....se!

Nyasha dzenyu hu.....ru,
Mundikanganwi.....re;
Mvura yechenge.....to
Nayo ndinatsi.....we;
Tsime roupe.....nyu
Ndimi, SHE, hamu.....pwi;
Ndinwe mvura mhe.....nyu
Nokusingape.....ri!

Parima SHE, chitungamirai,

Ndivhenekei!
Handichaoni, nzira iripi?
Ndivenekei!
Bva handiti: Ndione zvose'ni;
Ndinongoti: Ndisesedzei imi!

Mazuva ose nda'ndisingadi
Kutende'mi.
Muchindibata, ndanga ndichiti:
Ndifambe'ni!
Bva zvino, chindifambisai imi;
Panzira yose tungamirai SHE!

Mandisimbisa, nhambo dzosewo
Nditevedzei!
Pabani, nyange panonyudza'po
Ndiambusei!
Bva kwazoedza, ndichaona'ko
Vambondisiya vava ikweyo.

SHE unondifambi.....sa,

Ishoko rinofa.....dza!
Pandinoenda po.....se;
Uneni misi yo.....se.

KOROSI

SHE unondifambi.....sa,
Norudyi ndobati.....swa;
Ndinoda kusese.....dzwa,
Zvaanotungami.....ra.

Parima napanha.....mo,
Pach'edza nomufa.....ro,
Parwendo rwangu rwo.....se
Uneni misi yo.....se.

Ndibate chanza che.....nyu,
Ndiite kuda kwe.....nyu,
Ndichingotenda zvo.....se,
Muneni misi yo.....se!

Bva kana ndazope.....dza
Mubato wapanyi.....ka,
Handityi rufu cho.....se.
Muneni misi yo.....se.

Regai kukundwa, bva mwoyo tsungai;

Kana muchikunda, masimba kudai;
Irwa-i nesimba, SHE wenyu tendai;
Chitarirai Jesu, uchamurwirai!

KOROSI

Nyengeterai kwaari,
Iye amusimbise;
Jesu ndimubetseri,
Uchasimurwira!

Regai vaipi; kutuka regai;
Zita raJehova chirumbidzai;
Muve nounyoro, bva nhema vengai,
Chitarirai Jesu uchamurwirai!

Vakunda vopiwa korona uko;
Imi muchakunda, musazotyawo!
Muchasibetserwa, chitsungirirai;
Chitarirai Jesu, uchamurwirai!

Ndinosingozipi.....rwa,

Ndichindonyengete.....ra;
Ndinosidanwa na.....ko
Kureva kuna Ba.....mbo;
Mis' yose ndichiche.....ma.
Mwoy' wangu wainyaradzwa;
:/: Ndaitiza kuidzi.....wa,
Ndichingonyengete.....ra. :/:

Ndinosingozipi.....rwa,
Ndichindonyengete.....ra;
Ndotsvaka misi yo.....se
Zvandinoshaiwa zvo.....se;
Zvandarairwa na.....ye
Kutenda nyasha ya.....ke,
:/: Ndorega kunyunyu.....ta
Ndichingonyengete.....ra. :/:

Ndinosingozipi.....rwa,
Ndichindonyengete.....ra:
Ndinyaradziwe na.....ko
Kusvika ndobva pa.....no;
Ndichazokwira u.....ko
Kum'soro kuna Ba.....mbo;
:/: Muba'iro ndichapi.....wa
Wavakandiravi.....ra! :/:

Jesu wangu watsaurwa,

Upenyu hwenyu munondipa,
Imi mashananguka sei!
Vokudenga navatumwa
Vanozvimbura, vachiona
Ushanangurwa hwenyu, SHE!
Makatsawurwa sei!
SHE, ndimutererei!
Jesu wangu,
Ndinatse 'ni,
Nditodze'mi,
Ndigozoshanangurwawo!

Makashuma, makabata
Mabasa enyu, mafumira
Kubata nokupedzawo;
Makavata muchipira,
Wedenga muchimushumira.
Ndiite neni izvozvo,
Usimbe ndisina;
Ndichingoderowo;
Ndisvinure,
Ndinatse 'ni,
Nditodze'mi,
Ndigosvinura neniwo!

Shanangurai mwoyo wangu
Masimba, nokushuva kwangu,
Ndigofanana nemi, SHE!
Ziso rangu, uye gumbo,
Mibato yangu nemifungo.
Pazvose ndigotodzemi!
Zvikuru chinatsai
Mwoy' wangu, tsawurai!
Jesu wangu,
Ndinatse 'ni,
Nditodze'mi,
Ndishanangurwe chosewo!

Tine ropa rakanaka,

Kana tazvimhu.....ra,
Tichitiza zvakaipa,
Tichingo zvidzo.....ra;
Kuda kwaSHE titendei,
Zvose tizvifarirei!

Hakuchina chiri chedu;
Kana muchito.....ra,
Munotora zviri zvenyu,
Zvamakatipo.....sa;
Kunyunyuta tiregei,
Zvatapiwa titendei!

Tofanira kumuonga,
Zvose tigomu.....pa;
Kana zvenyu muchireva,
Tiregomunyi.....ma:
Bambo, munotida sei!
Muchazotinyimirei?

Zita renyu rikudziwe!
Zvedu hatifu.....ngi;
Ichi choga tichitsvake,
Zvimwe hatizvi.....di;
Isu tizvishoorei,
Bambo vedu tikudzei!

Ndinomuda, ndinomuda!

Ndimi SHE wandinoda;
Kare ndanga ndarashika;
Ndichitsvaka zvomunyika;
Zvino fuma huru yangu
Ndimi, Muponesi wangu!
Ndinomuda, ndinomuda!
Ndimi SHE wandinoda!

Ndinomuda, ndinomuda!
Ndimi SHE wandinoda!
Kare ndanga ndanetsiwa
Nomufaro ndaishayiwa;
Zvino Jesu wandidana,
Wakazondiita mwana.
Ndinomuda, ndinomuda!
Ndimi SHE wandinoda!

Ndinomuda, ndinomuda!
Ndimi SHE wandinoda!
Jesu mudiudze kwazvo
Zvandingamufadza nazvo;
Ndidzidzeiwo misi yose!
Ndigomupa mwoyo wose.
Ndinomuda, ndinomuda!
Ndimi SHE wandinoda!

SHE Jesu, ndomudai,

Ndinomutarirai,
Mafireni!
Nzwi rangu chidonzwai,
Mangava chibvisai;
Mwoy' wose ndomupai,
Ndowenyu, SHE!

Bva nyasha chindipai,
Mwoy' wangu simbisai,
Ndimutswezve!
Zvamakafireni.
Ndinamatiremi,
Chindibetseraizve.
Ndimude, SHE!

Ndichi munzirawo,
Ndisakasvikapo
Ndiperekei!
SHE! chindifambisai,
Chitungamirirai,
Murima vhenekai,
Ndisesedzei!

Bva kukasvikapo
Nairwo rufuwo,
Handizoty!i!
SHE wangu nditorei,
Mundigamuchirei,
Kumusoro ndikwidzei
Kudenga, SHE!

Bwizana roWedenga

Rasenga mhaka dzangu;
Rinondisunungura
Pazvivi zva.....ngu,
Ndouya kuna Jesu,
Unondinatsa mwoyo;
Masvina angu ose
Unondibvi.....sa.

Ndoisa nhamo dzangu
PaMuchengeti wangu;
Unondiporesawo,
Murapi wa.....ngu.
Ndoisa kuna Jesu
Kuchema kwangu kwose;
Unondipa mufaro
Nenyasha dza.....ke.

Ndochemawo zvikuru
Kutodza Jesu wangu;
Ndoshuvawo zvikuru
Mufiri wa.....ngu.
Ndodisawo zvikuru
Kupinda mukudenga,
Pandichandokudzisa
SHE wandirwi.....ra.

Jesu, mandibayirwa,

Munemi ndova.....nda;
Ropa rateu.....rwa
Rondidzikunu.....ra
Ndikanganwirei, SHE,
Zvivi ndibvisi.....rwe!

Ndokoniwa cho.....se
Mirayiro yo.....Se;
Nyange ndikatsu.....nga,
Ndikashingai.....ra,
Mhaka hadziri.....pwi,
Asi noMufi.....ri.

Ndinosha'iwa zvo.....se,
Nguo, simba, nje.....re;
Zvose ndokumbi.....ra,
Ndichigwadami.....ra,
Ndichinamati.....ra
Chinjikano yo.....ga.

Ndichi pasi pa.....no,
Kukasvika ru.....fu;
Pakugurwa u.....ko
Ndichengete, Je.....su!
Imi mandibayi.....rwa,
Munemi ndova.....nda.

Ngatiende! ngatiende!

Kuna Jesu, timutende!
Pano pasi pakashata,
Mwoyo wangu unoshuva
Uko kuna Jesu SHE!
Uko kuna Jesu SHE!

Zuva rangu! zuva rangu!
Ndimi Muponesi wangu!
Vheneka-i ndichienda
Nzira yenyu yokupinda
Ushe hwenyu, Jesu SHE!
Ushe hwenyu, Jesu SHE!

Nziyo dzenyu! nziyo dzenyu!
Imi, muri muupenyu,
Ndinochema kungodzinza,
Kunza nokumurumbidza,
Muponesi, Jesu SHE!
Muponesi, Jesu SHE!

Uko seri! uko seri!
Ndongotarirawo mberi
Shungu dzose dzomunyika
Dzichapera ndichisvika.
Mundisvitse, Jesu SHE!
Mundisvitse, Jesu SHE!

Jesu, SHE wangu,

Mundichengetei;
Panomufaro,
Nyange pashungu,
Mundiponese, SHE Jesu,
SHE Jesu!

Jesu, ndirwirei,
Ndisamboisva.
Ndisarashika,
Mundifambise.
Mundiponese, SHE Jesu,
SHE Jesu!

Jesu! murufu
Mundibatise;
Musha wedenga
Mundisvikise; Mundiponese,
SHE Jesu,
SHE Jesu!

Jesu SHE, musandisi.....ya,

Nyasha mundipei!
Muchitaririra va.....mwe,
Neni ndinatsei!

KOROSI

Jesu, Tenzi, chidoswederai;
Muchitaririra vamwe;
Neni ndinatsei!

Zvino ndofugama, Je.....su,
Ndinomutendai;
Ndinotsvake nyasha dzenyu,
Zvino dondipai.

Ndinonyengetera, Je.....su,
Ndomutarirai;
Muponese mweya wa.....ngu
Chindibetserai!

Mungandinyaradza mo.....ga
Ndinomuda sei!
Pano pasi nokude.....nga
Ndichazotsvakei!

Jesu wangu wakanaka,

Jesu wangu uripi?
Misi yose ndinotsvaka,
Bva ndichamuwanepi?
Mwoyo wangu unochema,
Uchanyaradziwa nei?
Zvivi zvangu zvinorema,
Bva ndicharemudzwa sei?

Nyika haingandifadzi,
Zvayo handichazvidi:
Ini zvandiri mutadzi,
Shungu dzangu hadzipwi,
Dzichapwiswa ndichiwana
Muponesi Jesu SHE!
Ndinoramba ndichidana:
Jesu wangu uripi?

Ngandipiwe mapapiro,
Ndigokwasha Jesu SHE;
Ndichafara zuva iro
Randasvika kwaari.
Wakadana vakanyara,
Vagowana zororo;
Vane shungu vachafara,
Neni ndichafarawo!

Mufiri, SHE wangu, ndichatenda sei?

Pasina zvangu zvose, ndichamufadza nei?
Pasina zvangu zvose, ndichamufadza nei?

Ndakanga ndasi'wa ndanungwa naSHE,
Bva shungu dzakapera, ndararamiswazve!
Bva shungu dzakapera, ndararamiswazve!

Bva zvino ndawana rugare naye,
Mwoy' wangu wakazara nezvakaita SHE!
Mwoy' wangu wakazara nezvakaita SHE!

Dai vose vachinzwa, vamuzivewo,
Zvamatidza tose, vamushumirewo!
Zvamatidza tose, vamushumirewo!

Tipei simba renyu, tigova vanyai,
VeEvangeri yenyu, tifarere tichidai;
VeEvangeri yenyu, tifarere tichidai!

Hatingazviregi, tichingotiwo,
Mufudzi ave mumwe, neboka rimwewo!
Mufudzi ave mumwe, neboka rimwewo!

SHE Jesu ndinodo kunatswa nemi,

Mupinde mumwoyo, mugosabvazve!
Bvisai zvivi zvose, mapfumo dzingai;
Ndisukei 'kozvino SHE, chindinatsai!

KOROSI

Chindinatsai, SHE, chindinatsai!
Ndisukei 'kozvino SHE, chindinatsai!

SHE Jesu makwapa ezvivi dzimai;
Isai ropa renyu masvina sukai;
Ndorashawo zvivi nezvose, onai!
Ndisukei 'kozvino SHE, chindinatsai!

SHE Jesu ndipiwe mwoyo m'tsva nemi;
Mungandibetsera, ndigozvipemi;
Muchandidavidza, ndinomutendai!
Ndisukei 'kozvino SHE, chindinatsai!

SHE, ndibatei, handine simba rose;

Hangingafambi, ndiri ndogawo;
SHE, ndibatei, nokuti mwoyo wangu
Hauzoty zvoze, imi muripo!

SHE ndibatei, mundiswededzei pedo;
Ndinongofara nemi moga, SHE!
SHE, ndibatei, ndirege kutsawuka,
Neshoka dzisatedzemukazve!

SHE, ndibatei, handichaoni ch'edza;
Panzira dzose mundivenekei;
Bva kana ndichiona chiso chenyu,
Mumwoyo mangu ndongofara sei.

SHE, ndibatei, ndichizosvika paya
Panodirira rwizi rworufu;
Chiedza chokudenga chivheneke
Ndigondosvika mhiri kwarwowo!

Ndinosimuda, SHE,

Kundibetsera;
Nzwi renyu ndigonzwa
Kundinyaradza.

KOROSI
Ndotsvaka imi moga,
Mwoy' wangu womushuva.
Nditaririre Jesu,
Ndinyaradze-i!

Ndinosimuda, SHE!
Sara-i neni;
Ndingazokundawo
Muri pandiri!

Ndinosimuda, SHE!
Pandinofara;
Pandotamburawo,
Musandisiya!

Ndinosimuda, SHE!
Ndinatswe chose;
Ndimushumirewo
Nomwoyo wose!

Pedo, Wedenga, SHE!

Ndiswededzei;
Nyange ndowirwawo
Nenhamo sei!
Ndinongoimbazve:
Pedo, Wedenga, SHE!
Pedo, Wedenga, SHE!
Pedo nemi!

Nyange ndavirirwa
Ndogo hangu,
Ndikadzimirawo
Nzira yangu;
Munjodzi ndivezve
Pedo, Wedenga, SHE!
Pedo, Wedenga, SHE!
Pedo, nemi!

Bva nyasha chindipai,
Ndibetserei;
Nyange munhamowo
Ndimukudzei;
Igoswededze'ni
Pedo, Wedenga, SHE!
Pedo, Wedenga, SHE!
Pedo nemi!

Kana ndapedza, SHE,
Rwendo rwangu,
Ndichingokwirawo
Kudenga 'ko.
Ndichandoimbazve:
Pedo, Wedenga, SHE!
Pedo, Wedenga, SHE!
Pedo nemi!

Batai ruoko rwangu,

Ndifambisei;
Mundi'se kum'sha kwangu
Ndisvikisei;
Handingazivi nzira,
Ndiperekei;
Pamunotungamira
Nditevedzei!

SHE, kana ndakanyara,
Ndizorodzei;
Bva kana ndinorwara,
Ndiporesei;
Murezve mwana wenyu,
Aregotya.
Afare mberi kwenyu,
Achimuda!

Pandotambura hangu,
Ndawirwawo
Namadambudzo angu,
Handityipo.
Ndichangonyengetera:
SHE, mundinzwei,
Batai ruoko rwangu,
Ndifambisei!

Ndakaitirwe nyasha huru

Inyasha dzaSHE dzoga 'dzo.
Rinenge riri nenji guru,
SHE Jesu wandifirawo.
:/: NdiMuponesi wanguzve, :/:
:/: Inyasha dzaakandipa SHE. :/:

Ndakanga ndisina kunaka,
Bva zvino ndashanduka sei.
Ndakanga ndawandirwe mhaka,
Ini ndaidziripa nei!
:/: NdiJesu wandinatsazve, :/:
:/: Inyasha dzake, iye SHE! :/:

SHE Jesu, ndinotenda zvose
Zvenyasha dzamakandipa!
Ndichanyepera vanhu vose,
Ndichiti: Jesu watida!
:/: Ndoshuva kuti vamude, :/:
:/: Vatsvake nyasha dzenyu, SHE. :/:

SHE Jesu wangu wounyoro,
Mundipe nyasha dzenyuzve;
Mugondisvitsawo kum'soro
Kudenga kwamuri'mi SHE.
:/: Kwandichandomuongazve :/:
:/: Zvandakapiwa nemi, SHE! :/:

Ndifuwisei, Wede.....nga,

Mibato, ya.....ngu;
Ndisvinudzei, ndio.....ne
Kushata kwa.....ngu.

Chikwashisai mwoyo wangu,
Munondizi.....va;
Munditaridze zva.....ngu,
Ndigozvise.....ma.

Chivenekai chifu.....va
Nehana ya.....ngu;
Mundibetsere ku.....nzwa
Kuipa kwa.....ngu.

Mifungo, SHE, muidze,
Mashoko o.....Se;
Mis' yose ndimuku.....dze
Nomwoyo wo.....se.

Chifuwisai mwoyo wangu,
Unake cho.....se,
Musuke zvivi zva.....ngu,
Zvigobva zvo.....se.

SHE Jesu, ndazvisunga

Kuzokushumirai;
Mugare pedyo neni,
SHE wangu, chiuyai!
Handityi pfumo ro.....se,
Muchipandirizve;
Handichazotsawu.....ki,
Ndiri pamuri SHE!

SHE Jesu, ngandimunzwei,
Imi munondida;
Nzwi renyu ndirizive,
Nditererei iro;
Revai, ndisimbisi.....we,
Muchandidzorazve;
Revai, ndigonzwa kwa.....zvo
Ndigomufadza, SHE.

SHE Jesu! makamboti,
Vanokushumirai
Pamakakwira, apo
Vachakuteverai.
SHE Jesu, ndazvisu.....nga
Kuzokushumirai;
Mundipe nyasha dze.....nyu,
Ndigokuteverai.

SHE Jesu, ngandione
Makwara enyu'po;
Ndigozotsika awo
Nesimba renyuwo.
Mutunganiire, Je.....su,
Ndikwevere-i 'po;
Mugondigamuchi.....ra
Kudenga ikoko!

Ndakarwirwa nemi, Jesu;

Ndakatengwa ha.....ngu!
Ndinotenda Shoko renyu,
Handizovi wa.....ngu!

KOROSI

Ndakasunungurwawo,
Jesu, ndava we.....nyu,
Zvose zvose ndozviisa
Pamakumbo e.....nyu.

Ndakarwirwa, zvino, Jesu.
Ndinozvipa ha.....ngu;
Ndodo kumutenda chose,
Handizovi wa.....ngu.

Ndakarwirwa, simba rose
Ndakapa SHE wa.....ngu.
Kushumira iye oga,
Handizovi wa.....ngu.

Ndakarwirwa, ndava waSHE,
Chose paruzi.....ma;
Ndichandomuona uko,
Ndigomurumbi.....dza.

Mweya Wakashananguka.
Zadza mwoyo ye.....du;
Kuti tose tigoreva:
Hatizovi ve.....du!

SHE ndimi rudo runondida,

Ndomupa mweya wangu wose.
Ndomudzosea zvamandipa,
Upenyu hwangu hugonaka
Mazuva o.....se

Chiedza chondivenekera,
Ndomupawo chimwenje changu,
Ndomudzosea chendinacho,
Ndiwane pachadzera chenyu
Chiedza cha.....ngu.

Mufaro woupenyu hwangu,
Nyanguvawo munjodzi dzose;
Ndinomuzarurira mwoyo,
Ndigovigirwawo mufaro.
Parwendo rwo.....se.

Nechinjikano yondikwidza,
Hangingaitesunyi kure!
Ndorasha zvole zvinofadza.
Ndichinikirwa kumukudza
Kusingape.....ri.

Mugoshanangurwa, vatendi, tsungai;

Hamuna masimba, pana SHE piwai;
Idaiwo vakristu, chibetseranai;
SHE unomuona, muchingosidai!

Mugoshanangurwa, vatendi, tsungai;
Mufaro wenyika woenda, fungai;
SHE unomudana, chinyengeterai;
Mashoko aJesu misi' yose ravai!

Mugoshanangurwa, vatendi tsungai;
Nyanguva panhamo chimuteverai;
Mutarire Jesu, chizomutodzai;
Mupiwe masimba, chitsungirirai!

Mugoshanangurwa, vatendi tsungai;
Mugofungisisa chinhambo tsvakai;
Mutevere Mweya kutsime, chinwai,
Mugozofanana naJesu kudai!

Pedo zvikuru, ndisweddedzei;

Jesu, SHE wangu, ndinomuda sei!
Ndigozombundikirwa nemi,
:/: Inhare yangu; ndotizirepi? :/:

Pedo zvikuru, ndouya nei?
Jesu, SHE wangu, ndomuvigirei?
Mwoyo wezvivi ndiwoga, SHE;
:/: Handina zvose; munatse ini! :/:

Pedo zvikuru, ndikweverei;
Ndorasha zvivi, ndozvivenga sei!
Uyewo zvose zvandamboda,
:/: Ndoshuva Jesu SHE wangu oga! :/:

Pedo zvikuru, ndisimbisei,
Nyangwe panyika ndotambura sei!
Uko kudenga ndive ini,
:/: Pedo zvikuru, SHE wangu, nemi! :/:

Musatsvaka zviri pasi,

Zvinosvava, hazvifadzi;
Rudo rwokusingarebwi
Chitsvakai, chitsvakai!

Musatsvaka zvapanyika,
Nokushuvawo pasina;
Bva zvomwoyo zvinokosha
Chitsvakai, chitsvakai!

Chitsvakaiwo komborero,
Mugovaraidzwa mwoyo;
Mungapiwa kangawiro;
Chitsvakai, chitsvakai!

Chitsvakai ushanangurwa
Nounyoro hunofadza;
Uye kuzvikumikidza;
Chitsvakai, chitsvakai!

Chitsvakai, zvoushe hwake,
Paridzaiwo Shoko rake,
Nokufudza boka rake,
Chitsvakai, chitsvakai!

Jesu waswedera,

Achivapereka,
Mwoy' yavo yaipisa,
Vachivhunzana.
SHE, swederai! SHE, swederai!

Jesu waswedera,
Vachimufarira;
SHE, achifamba na'vo,
Vakanyaradzwa.
SHE, swederai! SHE, swederai!

Jesu waswedera,
Nyunyutiro ndokubva,
Achivaudza Kristu,
Zvaakafira.
SHE, swederai! SHE, swederai!

Jesu waswedera,
Vapedza rwendo'rwo,
Ndokumuzivurura,
NdiTenzi wavo!
SHE, swederai, SHE, swederai!

Ndinomupa zvo.....se,

Ndive wenyu cho.....se;
Nhamo dzangu ndomupai,
Nadzo ndigomukudzai!

SHE, maoko a.....ngu
Ndinomupa ha.....ngu,
Shoka dzangu naidzo
Dzigomufambira vo.!

Nenzwi ndinomu.....pa,
Rigomuimbi.....ra;
Nomuromo wanguzve
Ngaureve zvenyu SHE!

Fuma yangu yo.....se
Ndinomupa cho.....se;
Nemifungo yanguwo.
Ndimukudze, SHE, nayo!

Jesu, kuda kwa.....ngu
Kuve kuda kwe.....nyu;
Mwoyo wangu naiwo
Ive imba yenyuwo!

Uye, rudo rwa.....ngu
Ndodurura ha.....ngu;
Chose ndinozvipe'mi,
Ndive wenyu moga, SHE!

Tibatei! tibatei! tishumire Jesu;

Ngatifambe nenzira ya'tipaisu.
Misi yose masimba ngatikumbirei,
Tigobata nomwoyo nesimba, hendei!

KOROSI

Tibatei! tibatei! tibatei! tibatei!
Titsungei! tibatei!
Kusvika SHE adzokazve.

Tibatei! tibatei! vane nzara vadye,
Vanenyota, vauye kutsime raSHE!
Tifarei kunyepera vanoda kunzwa,
Kuti SHE wavafira, varege kufa.

Tibatei! tibatei! ngatitsungirirei;
Misi yose titende, tinyengeterei;
Bva muba'iro tichazondopiwa naSHE,
Tichifara zvikuru kudenga naye.

Rungamirai, mwoyo rwadzai!

SHE wakamupa mubato, batai!
Nomwoyo wose batirai iye,
Bva mugozotaririrwawo naSHE!

KOROSI

Batai! batirai SHE!
Endai! mumukudzei!
Mumukudzei! mumukudzei!

Rungamirai, mwoyo rwadzai!
Simba muchazoripiwa, tsungai!
Dambudzo rinozikanwa naSHE,
Nyangwe nevudzi rorahwa naye.

Rungamirai, mwoyo rwadzai!
Muchandogurwa ikweyo, fungai!
Saka mubate pamberi paSHE,
Kuti murege kugurwa naye!

Rungamirai, ruramisai!
Shoko raJesu, SHE wenyu, inzwai!
Mugondosvika paachamupai
Zvakavigirwa vatsunga kudai!

Ngatibatei nesimba,

Tisavirirwa'po;
Negatibatei kwoidza
Kuchidziyawo.
Ngatibatei ropisa
Namasikatiwo.
Ngatibatei nesimba,
Zuva richi'po.

Negatibatei nesimba,
Tisavirirwa'po.
Ngatibatei mis' yose,
Tichitsungawo.
Nemhambo imwe neimwe
Ngatibatei nayo;
Ngatibatei nesimba,
Zuva richi'po!

Ngatibatei nesimba,
Tisavirirwa'po;
Rima rodo-kusvika,
Ch'edza chichipo.
Ngatibatei kwasviba,
Namadekwanawo;
Ngatibatei nesimba,
Zuva richi'po!

Chiendai vatendi,

Endai kundorwa;
Muchaperekedzwa
Nomuchinjikwa.
Unotungamira
Ndiye Kristu SHE;
Muchaperekedzwa
Nomuchinjikwa.

KOROSI
Chiendai, vatendi,
Endai kundorwa;
Muchaperekedzwa
Nomuchinjikwa.

Satan' uchatiza,
Unotya imi;
Chiendai, vatendi
Muchakundazve!
Unohuta kwazvo,
Achinzwa imi;
Simudzai manzwi,
Rumbidzai SHE!

Pfumo raSHE Jesu
Ndiyo Kereke;
Ngatitevereiwo
Kundorwira SHE!
Tiri vamwe isu,
Imwe dzidzowo;
Vamwe pakutenda,
Uye rudowo.

Chiuyai, vehama,
Tose tiendei;
Rwiyo rwokukunda
Ngatiruumbei;
Kristu ndiShe wedu
Ngatimukudzei;
Nokusingaperi
Timurumbidzei!

Chiponesai vafi, navanopera;

Vose vabatwa nezvivi rwirai;
Vakagumburwawo muvamuraudze.
Simba raJesu SHE chivaudzai!

KOROSI

Chiponesai vafi navanopera:
Vose vabatwa nezvivi rwirai.

Nyangwe vorambawo, unomirira
Kugamuchira vatendeuka.
Vagombedzere-i, vauye zvino;
Mhaka vachakanganwirwa naye!

Mwoyo womunhuvo, nyangwe washata,
Ungazonatswa nenyasha dzaSHE;
Ungadzosiwazve, ukashandurwa;
Ungamutsiwa, ugotendazve.

Chiponesai vafi, samarairwa;
Muchasimbiswa naJesu, tsungai!
Nenzira nhetewo muvaratidze,
Muvanyepere: SHE unomudai!

Mukai, mukai, vatendi!

She wenyu chirwirai!
Vepfumo rake rose,
Mireza murudzai!
Pakurwa muchakunda,
SHE Jesu anemi;
Vavengi vagopera,
Kristu agova SHE!

Mukai, mukai, vatendi!
Hwamanda tererai;
Indai kupfumo mose,
She wenyu teverai;
Imi, varanda vaSHE.
Uyai, mushumirei;
Nyange munjodzi huru
Nesimba murwirei!

Mukai, mukai vatendi!
She wenyu mirirai;
Nesimba rake roga
Varume, simukai!
Nenhumbi dzose dzaSHE
Mutore, chipfekai;
Pamunodanwa pose,
Musatya, chipindai!

Mukai, mukai, vatendi!
Anozoperawo
Mapfumo pano pasi,
Patairwa nawo;
Vakundi vanopiwa
Korona ikweyo;
Vachazobata ushe
Husingaperiko!

Ndoshongana sei naJesu,

Ndichandomuvigirei?
Hati ndakamubatira
Zuva rimwe; ndoitei?

KOROSI

Ndoshongana sei naJesu,
Ndichandomuvigirei?
Zvandisina mumwe oga
Kundoisa kuna SHE!

Handichatyi rufu hangu,
Zvandarwirwawo naye;
Bva ndosvoda zvandisina
Chandingavigira SHE.

Dei makore okuchinya
Ndaiadzoserwazve,
Ndaiapa Jesu wangu,
Ndaiterera iye!

Sva, mutendi, usazeza,
Muka, chibatira SHE;
Shingairira varashiki,
Rwisa kuvadzosazve!

Jesu, takauyawo;

Matidana, muchitida.
Mwoyo yedu inodo
Kuswedera, tichitenda.
Iko zvino muve nesu,
Tichinyengetera isu.

Jesu, makatipawo
Mweya Wakashananguka.
Kududzira kunesu
Shoko renyu rakanaka;
Tibetserei kuzorida,
Tigotenda tichirinzwa.

Mwoyo yedu shamisai,
Tigogamuchira shoko.
Mweya wenyu chitipai,
Tigorinzwisisa kwazvo.
Tigopiwa uko mberi
Upenyu husingaperi.

Jehova wamapfumo, SHE!

Ndoshuva imba yenyu sei,
Kumuimbira nziyo dzenyu!
Nomweya ndinopangawo
Kupinda mumba menyu mo,
Ndinochemera zvenyu zvose,
Ndichingodana kunemi:
Mundiponese mweya, SHE.

Bva nhovo yedu ndimi, SHE,
Panhamo matirwirazve;
Onai wamakashanangura;
Muimba yenyu ndinoda
Kugara misi yosewo,
Ndifare, ndiregotambura.
Mukova wenyu naiwo,
Ndinongofara ipapo!

Unyoro hwaSHE huripo.
Uchava zuva reduwo;
Uchatipavhurira nyasha.
Munhamo ungarasha sei,
Parufu uchasiyirei
Vomushumira, vomukwasha?
Vanozofadzwa vose, SHE!
Vanongositariremi!

Chiuyai, SHE, kutimutsa

Patakaunganapo;
Doshonganai nesu zvino,
Tipei Mweya wenyuwo!

Chidzosai mimwoyo yedu,
Timutende, nesuwo;
Tibetserei kuzofamba,
Tigosvika ikweyo!

SHE, tidzidze shoko renyu,
Tigopiwa upenyu;
Tigoona ch'edza chenyu,
Chamatungidzire'su!

Bambo, Tenzi wokudenga,
Mwana, Kristu Jesu SHE.
Mweya unotinyaradza;
Todo kumukudza-i!

Tinomushumirai,

Nhasi zuva re.....nyu!
Patiri douyai,
Nhasi zuva re.....nyu!
SHE, nyasha mutipei,
Neropa tisukei,
Rigotinatsa sei,
Nhasi zuva re.....nyu!

Tonyengetera SHE,
Nhasi zuva re.....nyu!
Nesuwo, mutinzwei,
Nhasi zuva re.....nyu!
Pazvivi tirwirei,
SHE, mutibetserei,
Tigozvivenga sei,
Nhasi zuva re.....nyu!

Nzwi renyu torinzwa,
Nhasi zuva re.....nyu!
Todo kuterera,
Nhasi zuva re.....nyu!
Tifadzwe, SHE, naro,
Ribaye mwoyowo,
Rigare ipapo,
Nhasi zuva re.....nyu!

Rinozipa zuva rino!

Rinositiunganidza;
Tinofara naro zvino,
:/: Tichikudza SHE Jehova! :/:

Rinozipa zuva rino!
Iro rakashanangurwa,
Rakasikwa nyika naro,
:/: Uye zvose zvokudenga! :/:

Rinozipa zuva rino!
Iro rinotizorodza,
Ratisingabati naro,
:/: Tigokwasha zvoWedenga! :/:

Rinozipa zuva rino!
Ndiro zuva rokumuka
KwoMuraramisi wedu,
:/: Jesu, Mwana woWedenga! :/:

Rinozipa zuva rino!
Ngatiimbe nziyo dzedu,
Ngatimukudzise nadzo,
:/: SHE Jehova, Tenzi wedu! :/:

Avo vanotenda,

Pavanoungana;
Vanosirumbidza
Zita raJehova.

Ngatiimbe rudo,
Rudo rwaSHE Bambo;
Ndirwo rwatifadza
Ruchitipa Mwana.

Rudo rwaSHE Jesu,
Ndirwowo rukuru;
Pachigaro chedu
Wakafira isu.

Isu tichaimba
Rudowo rwoMweya;
Wakadzinga rima,
Wakationesa.

Vakashanangurwa
Pavondoungana,
Vachandoimbira
Zita raJehova.

Denga rakanaka sei,

Kunopirwa SHE uko;
Nyika yakanaka sei,
Nyange ine nhamowo.
Mwoyo wangu woda sei
Vanotenda kunemi;
Unoshuva imi, SHE;
Ndimi mune nyashazve!

Shiri dzinofara sei,
Dzichibhururukamo;
Vanofarisisa sei,
Vozorodzwa naSHEwo;
Sechinjiva chiyazve
Chakapinde areka,
Vanositizirawo
KwaSHE, vagovandako!

Vanosingoonga SHE,
Nyange nhamo iripo;
Mvura inobva pabwe,
Mana vanopiwawo;
Vowedzerwa simba dzva,
Nyashawo unovapa;
Vachazondosvikawo
Pavondomukudza 'po!

Bambo, chindibetserai,
Ino nyika yakadai;
Ndichengetei, perekai,
Nyasha yenyu chindipai;
Zuva, nhovo ndimi SHE,
Chibetsero mundipe;
Mwoyo wangu chidzorai;
Nyasha, sisi, burusai!

Kudzai Wedenga, muchingomuongawo,

Mose muchigwadamira iye;
Mumupisire zvibayiro zvenyu 'po;
Ndiye Jehova, izita raSHE.

Uyai nenhamo inomuremedza-i,
Ndiye uchamuremudzai iye;
Uchamunatsa, amuperekedza-i
Nzira yoisa kudenga uko.

Muregotya kuzopinda mutembere,
Muchiti: Tiri vatadzi isu;
Mwoyo wazvokwadi ndowaanoda SHE,
Ndicho chibayiro chotendwa naye!

Tinongohuta tichingoswederapo,
Bva tinouya nezita raSHE;
Uchatinzwira urombo nenyashawo,
Kutya kuitwe mufaro naye.

Chiimbai, vendudzi dzose,

Navenyika ku.....re;
Jesu womudana mose,
Amusunungu.....re;
Unomuda, chimunzwai;
Zviumbiwa, chiongai!

Tinoona ndudzi dzose,
Dzinotenda sho.....ko;
Vanhv vemitowo yose,
Vashe navaro.....mbo;
Zvigumbuso, chibvisai,
Nzira yaSHE gadzirai!

Unouya kuzonatsa
Vanhv, ndiSHE we.....nyu!
Naye kunoburukira
Nzizi dzoupe.....nyu;
Navasungwa, chifarai,
Jesu unomurwirai!

Nokudero tinoona
Ushe hwoWede.....nga
Hunouya, hunokura,
Tose tinofa.....ra;
Ndudzi dzose idzedzo
Dzive dzaSHE weduwo!

Shoko rekare-kare,

Ndiudze irero,
RaJesu SHE mukuru,
Norudo rwakewo.
Ndiudze zvakanaka,
Uchidudzirazve;
Ndosha'iwe simba rose,
Ndongoremerwa sei!

KOROSI
Shoko rekare-kare,
Shoko rokunyaradza,
Shoko roMuchengeti,
Ndiudze irero!

Ndiudzewo chinyai,
Ndigonzwisise'ni;
SHE Jesu unopodza
Varwere saini;
Ndiudze, upamhidze,
Ndinokanganwawo;
Mwoy' wangu washatiswa
Nezvivi zvirimo.

Ndiudzewo zviuya,
Urangarirezve;
Ini ndiri mutadzi,
Ndafirwa naye SHE;
Ndiudze misi yose,
Ndiudze zvose 'zvo:
Zvinozondinyaradza
Pandonyunyuta 'po.

Shoko rekare-kare,
Ndiudze irero
Nomusi wawaona
Ndichitsawukapo;
Nyanguva kana rufu
Rwondisvikirawo,
Handidi rimwe shoko,
Ndiudze irero.

NdiJesu uchazova SHE,

Uchazokudzwa posezve,
Zuva parinopota 'po
Navanhu vose vosewo!

Unosipirwa iye She;
Unosikudzwa pose 'ye;
Rumbidzo inokwirawo
Soutsi paartare 'po.

Vendudzi dzose, chimukai,
She wenyu chinamatirai!
Venyikawo chibvumirai
Vedenga, nemi chiimbai!

Makangore.....va,

Rima ndoku.....bva,
Rikamunzwai;
Tonyengete.....ra;
Mutume ch'e.....dza;
Pane zari.....ma,
Chivhenekai!

Mabva kude.....nga
Mativigi.....ra
Zvipo zvadai:
Mwoyo wora.....pwa
Meso apo.....dzwa;
SHE, ndudzi dzo.....se
Chivhenekai!

Mweya woru.....do
Nowoupe.....nyu,
Chimbidzikai!
Mundofambi.....sa
Mwenje wenya.....sha;
Kwose kwasvi.....ba
Chivhenekai!

Bambo venya.....sha
Mwana noMwe.....ya,
Tomukudzai!
Mwene semvu.....ra
Yozadza gu.....ngwa,
Pose panyi.....ka
Chivhenekai!

SHE, uyai, mutsai marudzi

Avasingazivi 'mi;
Vose vamatamburira
Vagotenda kunemi;
Shoko renyu romufaro
Varashiki ngavanzwe;
Zvavakavigirwa nemi,
Bambo, muvazivisei!

Nyangewo vasingazivi,
Vanhu vanokushuvai;
Vanochema, vane nhamo,
Vanodana vachidai;
Vanotsvaka mvura mhenyu,
Nyota huru vanayo;
Vanopanga zvokudenga,
Vanokwasha Jesuwo.

SHE, onai, votambanudza
Zvanza zvavo, vachidai;
Vanokwasha kunatsiwa,
Mweya wenyu dovapai;
Vatumirwe vanyai venyu,
Shoko ngavatererei;
Varashiki vachengetwe,
Jesu SHE vateverei.

Rwiyo ngaruimbwe:

Jesu ndi..... SHE;
Ngatimurumbidze,
Timuku.....dze
Ndudzi dzose, chifarai,
Rwiyo rwaSHE chiimbai.

Rwiyo ngaruimbwe
Ubvazu.....va;
Urwo ngarunzwi
Uviri.....ra;
Chaina, nyange Indiwawo,
Ngarufadze vanhu 'po.

Rwiyo ngaruimbwe
Namaru.....dzi
Aripo pazviwi,
Ngaaru.....nzwe;
Afrika iimbewo
Rwiyo rwaSHE irworwo.

Rwiyo ngaruimbwe
Jesu ndi.....SHE
Nyika ngaizare
Kudzo ya.....ke;
Timuonge tose 'su
Nokusingaperiwo!

Mutsai, chisimbisai

Mubato we.....nyu;
Nesimba guru, SHE, revai
Kuvana ve.....nyu.

KOROSI

Mutsai, chisimbisai
Mubato we.....nyu
Muuye, SHE chitizadzai
NoMweya we.....nyu!

Mutsai, chisimbisai
Mubato wenyu;
Norudo rwenyu chitumai
Mukati medu!

Mutsai, chisimbisai
Mubato we.....nyu;
Mimwoyo yedu tendisai
Neshoko renyu!

Mutsai, chisimbisai
Mubato wenyu;
Mishoko zvino chinisai
Yemvura yenyu!

Wedenga SHE, tite.....nde,

Tionge rudo rwenyu;
Navanawo vado.....ko
Vapiwe nyasha dzenyu!

Vatadzawo se.....su,
Vakashatiswa chose;
SHE wedu ndiSHE wa.....vo
NaBambo vedu tose.

Matipawo bap'ti....dzo,
Sungano yenyu nesu;
Tinomupa vana.....na
Tichingoonga zvino.

Mufarowo noru.....do
Matipa, SHE, pamwoyo;
Vabereki muva.....pe
Betsero yenyu huru.

Tisvinudzei nenjere,
Tivakurise kwazvo;
Tisimbisei, tizi.....ve
Kumushumirai navo!

SHE, tifunge rufu rwenyu

Chirayiro chi.....no;
Mutipe chiedza chenyu
Tigofunga rufu rwenyu
Chirayiro chi.....no;
Mutipe upe.....nyu!

Totizire'pi SHE Jesu?
Ndimi motida.....na;
Tine zvivi nourombo,
Totizire'pi SHE Jesu?
Ndimi motida.....na,
Motinzwira nya.....sha.

Tinouya tichichema,
Tine mhaka hu.....ru,
Ndimi matidzikinura;
Tinouya tichichema,
Tine mhaka hu.....ru,
Bva tonzwe nzwire.....nyu.

Mweya wangu, chimirira
SHE Wedenga wa.....ko;
Nyange akunonokera,
Ramba uchingomirira
SHE Wedenga wa.....ko;
Chimutenda ha.....ko!

Chindimepfurirai,

Ndigodya, SHE.
Samamepfurawo
PaGarire!
Pashoko renyu, SHE,
Ndotsvake'mi.
Ndinomushuva sei!
Muzvipe'ni!

Mundipe chingwa 'cho,
Neniwo, SHE,
Neshoko renyuwo
Ndiponesei;
Uye kudenga 'ko
Ndidye nemi;
Chingwa chipenyu 'cho
Ndipiwe'ni.

Mutume Mweya, SHE,
Uve neni;
Undisvinudzewo,
Ndione 'mi.
Ndipiwe zvokwadi
MuBhaibheri;
Mubhuku iyoyi
Ndione SHE.

Chitaririraizve
Mashoko SHE
Sezvingwa zviyawo
PaGarire.
Zvisungo ipapo
Zvichazobva;
Rugare nairwo
Muchandipa.

Mweya wangu, rangarira

Jesu Kristu wakufira;
Unokukokera zvino,
Kuti udye Chirairo
Chakashanangurwa naye,
Ugopiwawo rugare:
Unodya muviri waSHE,
Uchinwawo ropa rake.

Chiuya-i maremerwa,
Nemi mose makanyara!
Ini, Jesu, ndinomuda,
Ndini ndinomuzorodza!
Bva mutende shoko rangu,
Kuti nousiku uhwo
Hwandakamutamburira;
Ndakaramba kuda kwangu!

Kristu Jesu, ndinotenda
Shoko renyu randakanzwa;
Zvivi zvangu, ndinoziva
Ndizvo zvakamusvavisa;
Ndokumbire kanganwiro;
Ndigobviswe mhaka dzangu;
Mundiise kuna Bambo,
Imi, Mumiriri wangu!

Ndinoziva munondida,
Zvivi zvangu makabvisa;
Zvino ndinoswederawo
Ndichipanga nyasha dzenyu.
Ndipei kudya, ndipei kunwa,
Ndigopiwa nemi simba;
Ndigomubatira kwazvo,
Ndimukudze ndichi pano!

Jesu Kristu, tinoonga,
Makatisimbisa zvino,
Namashoko omufaro,
Uye zviratidzo zvenyu.
Zvino mutitaririre,
Tichengetwe, tirindiwe,
Tigomushumira mberi,
Tichisvika uko seri!

Vanana, zvino tarirai,

Ndomusha we.....nyu;
Kudenga mose chipindai,
Madanwa he.....nyu!

SHE Jesu unogu'dza 'po
Pamwoyo ye.....nyu;
Unoti: Ngandipindemo.
Ndipei uga.....ro!

Waramba Jesu ndiyewo
Uchazokwa.....sha
Kuzondopinda ikweyo,
Bva uchara.....mbwa!

Wedenga wokum'soro'ko.

Unoda vana saisu;
Usiku unorinde'su
Namasikati osewo;
Unochengeta shirizve,
Kudya dzopiwawo naye.
Nebundo worinatsa sei!
SHE wedu ngatimukudzei!

Nevhudzi rangu nairo
Mwari wakariravawo;
Pandinoswera uri' po;
Woziva zvondobatawo!
SHE wangu, chindichengetai
Ndinoda Kumushumirai!
Mumwoyo mangu chipindai,
Zvandinosingomutsvakai!

Tiri vanana hedu,

Hatine simba guru;
Tinongova vadoko,
Bva tinoda SHE Jesu.

Mazuva ose ose
Tingashumira iye,
Tichingoramba zvose
Zvorwadza mwoyo wake.

Tigare tichidana,
Tirego-tsamwirana.
Nyanгуva kutukana,
Tichingobetserana.

Tifadze misi yose,
Tigova nounyoro;
Tinatso-ita zvose
Nokuda kwaSHE Jesu.

Bvanyange tiri vana,
Tisine simba rose,
SHE tingamushumira
Tichi'dza misi yose.

Jesu, achisi.....ya

Bambo vokude.....nga,
Ha'ti akamhu.....ra,
Vana sainiwo.

Pose pa'kafa.....mba
Vakamuvangi.....ra,
Vachiisa va.....na,
Vana sainiwo.

Wakavafari.....ra,
Ha'na kuvadzi.....nga;
Wakafungati.....ra,
Vana sainiwo.

Ndiwakavafi.....ra,
Kuzovachenge.....ta;
Vose unorwi.....ra,
Vana sainiwo.

Vana vanodisa
Kumunamati.....ra,
Vachimushumi.....ra,
Vana sainiwo.

SHE Wedenga wedu

Unoone'su;
:/: Nyange tiri vana,
Wotidanawo. :/:

Neminyengetero
Unosinzwawo;
:/: Nounyoro hwake
Unorinde'su. :/:

Sadza redu rose
Unotipe'su;
:/: Namaoko ose
Wotibatawo. :/:

Udza vana vose
Kuti Jesu SHE
:/: Unotida tose,
Nesu timude! :/:

Jesu unondi....da,

Shoko rake nda.....nzwa;
Vana unova.....da,
Simba unova.....pa.

KOROSI

Jesu wandida!
Jesu wandida!
Jesu wandida!
Ishoko randanzwa!

Jesu unondi.....da!
Ndiwakandifi.....ra;
Akagadziri.....ra
Pandichandokwi.....ra.

Jesu unondi.....da,
Uri pedo ne.....ni;
Kana ndobva pa.....no
Ndondogara na.....ye.

Vana veJerusar'ma

Vanokudza Jesu SHE
Vana vamazuva'no
Vorumbidza iyewo

KOROSI

:/: Tererai inzwi ravanazve, :/
Zvai: Hosana! Zvai: Hosana!
Zvai: Hosana! mukudzei!

Shoko rinozipa sei,
Rakareva David She:
Vana vose, chiimbai,
Kudzo yaSHE chirevai!

Tinodzidza nhasizve
Kuti tide, Jesu SHE!
Tigozosifambawo
Nzira yaratidzwesu!

Imi, vana, chiimbai!
Navakuru chiongai!
Zita rake chikudzai!
SHE wawashe rumbidzai!

Ndini chibwiza.....na,

Pana SHE ndofa.....ra,
Wandimbundiki.....ra;
Ndini cha.....ke!

Jesu unondi.....da,
Unondichene.....sa,
Unondichenge.....ta;
Ndini cha.....ke!

Unosindiri.....sa,
Unondifambi.....sa,
Nokundisimbi.....sa!
Ndini cha.....ke!

Unondifambi.....sa,
Ndiye wondifa.....dza,
Tinosingoda.....na;
Ndini cha.....ke!

Kana Jesu achidzoka

Uchaunganidza
Mabwe ose anokosha,
Anobwinya sei!

KOROSI
Sechiedza chezuva
Anovaima zvikuru
Pakorona yaJesu,
Anobwinya sei!

Uchashara, uchashara,
Aise kudenga
Mabwe ose akanaka,
Anobwinya sei!

Vana vose, vana vose,
Vanoda SHE Jesu,
Ndiwo mabwe akanaka,
Anobwinya sei!

Hwiro hwedu ndouvato

Patichazorora,
Kana nhamo nomubato
Pasi zvatoguma;
Jesu ndiwakatifira,
Hatingatyi rufu;
Jesu ndiwakarukunda,
Tikararamiswa.

Jesu wakamuka kare,
SHE unorarama;
Neni ndichava paari,
Neni ndichamuka;
Ndichafara, ndichatenda
Zuva rokumuka;
Ndichaonga, ndichakudza
Iye wandirwira.

Ndingarega kuzokwasha
K'rona yokum' soro?
Mwoyo unochema koga
Kushumira Jesu.
Nyika, zvako handizvidi,
Hazvibetseri;
Zvako ngazvibve pandiri,
Handichazvitendi!

Vose vandafirwa navo
Vakatungamira;
Neni ndichauya hangu,
Tichazoonana;
Nhambo yangu iri pedo,
Ndinoimirira,
Kuzodanwawo kum'soro,
Pavakatokwira.

Tichandoona Jesu uko,

Kusine nhamo chose;
Mis' yose tisarasha mwoyo,
Tichandopiwa zvose;
Muhwiro tichandozorora,
Norufu hatirutyi;
Tinorufunga, tasimbiswa
Nechinjikano yaSHE.

Miviri yedu yoparara;
Muhwiro motoenda,
Hatizonetswi nokunyara,
SHE uchazotimutsa.
Kudenga uchazotikwidza,
Tiende kuna Bambo;
Muimba iyo yakanaka
Uchatipa ugaro.

Kutenda uku kunofadza,
Kunonyaradza mwoyo;
Titsunge, vedu, tigofamba,
Tisingatyi makomo!
Chengeto yakazara uko,
Rugare nomufaro;
Hatizovi vatorwa apo;
Tichava vana kwavo.

Ko ndichatya rufu, hwiro?

Kwete, ndinoziva
Jesu SHE uri mupenyu,
Neni ndichamuka;
Jesu wakakunda rufu,
Wakapedza simba rarwo;
Mubetseri wedu,
Zvose zvake zvedu!

Muchengeti, nhamo dzangu
Makasenga dzose;
SHE mupenyu! mwoyo wangu
Ndinomupa chose;
Ko zvamakatiravira
Kuda mungazotinyima?
Kwete, vakawanda
Vakazondofara.

Simbisai kutenda kwangu,
Ndigova nesimba
Kuzofamba rwendo rwangu,
K'rona mugondipa;
Ndichitarira kwomuri
Zvose hazvingandidzosi;
Pano nhamo 'doko
Pamufaro wo'ko.

Upenyu hwedu nzira,

Bva inogumepi?
Kwatinovavarira,
Kumusha ndokupi?
Toisa meso edu
Kwakaenda Jesu wedu;
:/: Ngati'nde ikweyo! :/:

Jerusar'ma kum'soro,
Rugare ruripo;
Mufaro nezororo,
Norudo ruri'po;
Mukai, musanonoka,
Muregewo kudzoka;
:/: Ngati'nde ikweyo! :/:

Musati: Simba redu
Richatisvitsako;
Nokuti Jesu wedu
Unosimbise'su.
Nomwoyo uchipera,
SHE uchatibetsera;
:/: Ngati'nde ikweyo! :/:

Jesu unondimbunda,

Ndinochengetwa;
Unondifungatira,
Ndichizorodzwa.
Hezvo, chinzwai vatumwa
Voimba mukudenga,
Kunyika yomufaro,
Kwandichazondogara.

KOROSI

Jesu unondimbunda,
Ndinochengetwa;
Unondifungatira,
Ndichazorodzwa!

Jesu inhare yangu;
Haine njodzi;
Haino kuidziwa,
Nyangewo zvivi.
Shungu, ukosha, kutya,
Hazvizikanwi apo,
Pandichandofariswa,
Ndazodanirwa uko.

Jesu inhare yangu,
Wakandifira;
Iye ruware rwangu,
Pandakamira.
Ndinongogara pano,
Rima rigozoenda,
Kusvika mambakwedza
Achizondibudira!

Onai mu.....sha

Kure uko!
Vose vofa.....ra
Vari 'koko.
Rudo ruku.....ru
Nomufaro uriko;
Hakune nha.....mo
Kure uko!

Pindai mo.....se,
Chimbidzikai!
Nameso o.....ose
Tarisaisai!
Teverai nzi.....ra,
Iyo inokwirako,
Uko kude.....nga;
Tsongirirai!

Vari kum'so.....ro
Vofadzwako;
Pana SHE Je.....su
Vonatswapo.
Vakatambu.....ra
Pano pasi vachirwa,
Vachavigi.....rwa
Fuma uko!

Ko mweya uchandozorora papi?

Uchazoratidzwa ugaro nani?
Ko pano panyika pano musha'po
Musingazopindi dambudzo umo?
Kwete! Kwete! hakunawo!
Zororo yomweya kudenga uko!
Kwete! Kwete! hakunawo;
Zororo yomweya kudenga uko!

Dorasha zvenyika, ukwashe uhwo,
Ugaro hwomweya kudenga uko;
Jerusar'ma musha kum'soro uko,
Haizi zororo yomweya iyo?
Hongo, Hongo! ndipo apo.
Zororo yomweya kudenga uko!
Hongo! Hongo! ndipo apo,
Zororo yomweya kudenga uko!

Zororo iyo yakanaka uko.
Nyanгуva norufu harupindipo;
Vanongosiimba zviimbo zvaSHE,
Vachingofadziwa zvikuru naye.
Uko! Uko! mberi uko!
Ndichandozorora naJesu uko!
Uko! Uko! mberi uko!
Ndichandozorora naJesu uko!

Tarirai, kune nyika uko!

Nokutenda toona iyo;
Bambo vedu vanogarapo,
Vachingogadzirira isu.

KOROSI

Tichandofarawo
Musi watichazosvikako!
Tichandofarawo
Musi watichazosvikako!

Tichazondoimbira apo
Nziyo dzavadikanwa vaSHE
Mweya yedu ichafarawo,
Ichingozorodziwa naye.

Tichandounganira apo,
Tichandokudza zita raSHE;
Nyasha yake tichaongawo.
Tazopiwa zororo naye.

Ndinoda kumuonga, Bambo

Kumuimbira rwiyo, SHE;
Chiedza chotisiya nhambo,
Bva imi hamusiya'ni;
Makandirinda zuva rino,
Mandichengeta nhasiwo;
Imi chitubu choupenyu,
Mandiitira zvose 'zvo!

Inyasha dzenyu dzandirisa,
Makandipavhurirawo!
Nanhasi makandifadzisa,
Mandipa pandasha'iwa 'po.
Madeko ano ndondovata,
SHE Bambo, chindizorodzai!
Ndanyara nezvandakabata,
Masimba matsva chindipai!

Ndinomuonga, Bambo vangu,
Handifanirwi nazvo, SHE!
De ndakarohwa zvivi zvangu,
Ndingade ndazovandepi?
Bva handichanyunyuti zvino,
Makatokanganwireni;
Nokuda kwaSHE Jesu Kristu
Ndakapembedzwawo nemi!

Ndoziva wandakambotenda,
Mis' yose ndomufarirai,
Ndoziva bwe pandakavaka,
Ha'svodi wamutarirai.
Bva ndichisvika pakuguma,
Usiku uhwo hworufu,
Ndichandoonga SHE wefuma,
Zvandaipiwa kunowo!

Chimuka, mwoyo wangu,

Chigwadamira Bambo!
Chionga, uchiimba!
Wedenga une simba!

Ndakanga ndichivata,
Muvengi wakashata,
Wakanga andivinga;
Wedenga wamudzinga!

Wakati: Vata hako,
Usatya mwana wangu,
Nyanguva kwakavira,
Ndichakutarira!

Mazvi'ta ndazviona;
Ndamuka ndakafara,
Ndasimba; kwakaedza,
Nehope dzakapera!

Jesu, taungana pano

Kumuonga mangwanano!
Mutifadze paungano,
Muve pedo nesu, SHE!

Zvino rima rakaenda,
Tinotenda matirinda;
Mutimutse, muchipinda
Nechadzera chenyu, SHE!

Tipei mwoyo yakanaka,
Mutikanganwire mhaka;
Mutinzweiwo, tichitsvaka
Nyasha dzenyu huru, SHE!

Simbisai maoko edu,
Tichibata basa redu;
Chinatsaiwo nzira dzedu
Nomufaro wenyu, SHE!

Muchengete vanhu venyu,
Tigotende shoko renyu,
Tichifambe nzira dzenyu,
Mutipei rugare, SHE!

Zuva rino raenda,

Rima ravapo;
Chiedza chakaenda,
Zuva hariko;
Nyeredzi dzabuda,
Hope dzavapo!
Shiri, ngombe, dzose
Dzondovatawo!

Jesu, vanhu vose
Hope chivapai!
Vakanyara vose,
Chivazorodzai;
Vanawo vadoko,
Chivachengetai;
Vanofamba rwendo,
Chivaperekai!

Vose vanorwara,
Chivaporisai!
Vose vakashata,
Chivadzivisai!
Nousiku hwuno
Munditarirei,
Ndimutsei mangwana,
Ndimushumirei!

Ndakanyara, ndondovata,

Meso angu akasviba;
Bambo vangu vokudenga
Muusiku ndirindei!

Jesu, ndinochema nyasha,
Nokubviswe mhaka dzangu;
Muponese mwoyo wangu;
Zvivi zvangu chisukai!

Hama dzangu, dzandinoda
Dzive muruoko rwenyu,
Vanhv vapanyika dzose;
Vose chivazorodzai!

Sarai neni, kwavira zvi.....no,

Kwasviba, SHE, mugare pa...no;
Hakuna vangabetsere.....ni,
Uya-i mugosara ne.....ni!

Upenyu hwuno hunope.....ra,
Mufar' wenyika wotoe.....nda;
Kuora ndinoona kwo.....se,
Musingafi, musare ne.....ni!

Ndinomuda mazuva o.....se,
Imi makunda zvivi zvo.....se;
Mungandirwira moga i.....mi,
Mis' yose mugosara ne.....ni!

Hangingati muchipandi....ri,
Mapfumo ambokundwa ne.....mi;
Rufu haruchazondirwa.....dzi;
Ndokunda muchisara ne.....ni

Ndione chinjikano ye.....nyu,
Ndichisvikirwa narwo ru....fu;
Chiedza chenyu chindisvi...tse
Kudenga, kwamuchava ne.....ni!

SHE Jesu Muponesi we....du,

Tomuimbira rwiyo rwe....du!

Topararira, tichie.....nda;

Uyai 'kozvino kutina.....tsa!

Tipeirugare m'mwoyo me.....du,

Toenda zvino kumba kwe.....du;

Mwoyo, miromo, chengetaiwo!

Zvatakamushumira zvi....no!

Tipei rugare nousi....ku,

Tivhenekesi murima ra....hwo;

Mutirwirei panjodzi dzo....se,

Pachi'dza naparima po...se!

Tipei rugare, Tenzi Jesu!

Mis' yose youpenyu hwe....du;

Bva musi womuchatida....na

Tipei rugare pakude.....nga!

Chivatai, Chivatai!

Zvino zuva riri pai?
Rakavira; zvino mwedzi
Watobuda, nenyeredzi
Dzinobwinya, dzichidai.
Chivatai, chivatai, chivatai.

Chivatai, Chivatai!
Basa renyu chiregai!
Zvino muchandozorora,
Bva Wedenga mumboonga;
Chiuyai, chitangai.
Chivatai, chivatai, chivatai.

Chivatai, Chivatai!
Jesu wenyu chiongai;
Ngava renyu wakabvisa,
Wakaripa, wakapedza,
Wakamuda, achidai!
Chivatai, chivatai, chivatai.

Zviumbwa zvakanyara.

Zvaenda kundorara,
Ihope dzinodai!
Wedenga wenyu; fugamai!
Bva imi musaenda,
Musati mambotenda.

Bva zuva riripiko?
Radzingwa nousiku,
Rakatsiya sei!
Bva zuva renyu ndiro
Rovhenekera mwoyo!
Ko zvino munogozotyei?

Wedenga, muchengete
Iniwo ndichivete,
SHE, mundifukidzei
Sehuku vana vayo
Namapapiro ayo!
Kudaro ndonyunyutirei?

Nyange ava madekwana,

Tingavata sei kudai?
Zvivi zvedu zvinorema,
Kanganwiro dotipai!
Nyangwe zuva rakaenda,
Meso enyu achipo;
Anoona nokurinda
Vana venyu variko.

Nhamo ingazotivinga,
Pfumo ringasvikawo,
Bva vatumwa vokudenga
Vanosichengete'su.
Nyange rufu rwotidana,
Tikatorwa narwowo,
Tichamukazve mangwana
Pakubwinya kwenyuko!

Nhambo dzinongosienda,

Zuva, mwedzi, gore;
Pasi pose tinosha'iwa
Chisingazoori;
Pamakwara edu ose
Shoka dzinodzimwa;
Nhambo dzinoenda chose,
Bva todzibvunziwa.

Madzibambo amboenda
Tiri shure kwavo;
Vana vachazotichema,
Towa samashazhu,
Tose tinosingofamba
Nzira imwe iyi.
Kunze kwenyu, SHE Wedenga,
Vanhu vachadini?

Bambo paurombo hwangu;
Bambo pamufaro;
Bambowo, parufu rwangu,
Bambo, nomuhwiro;
Nyange zvole zvoshanduka,
Munogara henyu;
Nyange ndofa, ndozorora
Muruoko rwenyu!

Kwaziwai! Vanyai vaSHE.

Vatatumirwa nayeze;
Zvikuru tomufarirai!
Isu tichimuchingurai!

Unotida Wedenga She,
Murima wakatifungazve;
Vatungamiri va'tipa
Vauya kutibetsera!

Tinomudai, imi uyai!
Pakati pedu chigarai!
Wedenga achengete'mi
Masimba ake amupe!

Bva musanyara, chitsungai,
Parudzi rwedu chiudzai
Mashoko anofadzawo
Marudzi ose aripo!

Uyai vedu, tiendei;
Mashoko aSHE titendei;
Mubato wakakura sei!
Bva tichakunda; titsungei!

SHE Wedenga ave neniwo,

Amuperekedze kwose,
Agomuchengeta pose,
Ave nemi tionanezve!

KOROSI

Tionanezve, tionane!
Tionane achida;
Tionanezve, tionane,
Ave nemi, tionanezve!

SHE Wedenga ave neniwo,
Muchengetwe zvakabata,
Muchiswera, muchivata,
Ave nemi, tionanezve!

SHE Wedenga ave neniwo,
Amutaririre kwose,
Uyewo munhamo dzose
Ave nemi, tionanezve!

SHE Wedenga ave neniwo,
Amumbunde namaoko,
Amukundise norufu,
Ave nemi, tionanezve!

Torima minda yedu;

Tokusha mbe...wu;
Bva unodiri...dza
NdiTenzi we...du;
Unosituma chando,
Nairo zu...va
Nemhepo nomushana,
Naiyo mvu...ra

KOROSI

Zvose zvose zvedu
Zvobva paari;
Ngatikudzei, ngatikudzei
Unyoro hwa...ke!

Muiti ndiye oga
Wezvinhu zvo...se;
Wenyika pano pa...si,
Nedenga ro...se.
Mitutu namafungu
Anongomu...nzwa;
Unovigira shiri
Nesu uno....pa!

Tinomuonga, Bambo,
Zvipiwa zve...du;
Kudzvara nokuche...ka;
Upenyu hwe...du;
Isu hatine zvedu,
Zvatingamu.....pa;
Bva mwoyo wokuonga
Ndezvomuno.....da.

Musiki, Bambo vedu,

Venyasha huruwo,
Mafarira vaviri
MuParadiso 'mo.
Nanhasi isu pano
Tinomukumbirai:
Natsai vaviri ava
Vadane vachidai!

SHE Jesu, samamutsa
VeKana ikweyo,
Uyai kwavari nhasi,
Kuzovanatsawo;
Mufaro wavo wose
SHE shandurai iwo,
Samashandura mvura,
Pamusha iwowo!

NoMweya wenyu, Bambo,
Chivafuridzirai,
Kunaka kwawo kwoga
Norudo chivapai;
Varege kupesana,
Pavari chigarai;
Mimwoyo yavo yose
Igomutererai!

Chidonzwai dare rorira,

Rodanidzira isu;
Rinongositikokera
Kumba kwaTenzi wedu.

KOROSI

Chidonzwai dare, chizvigadzirai!
Piwai rugare, dochimbidzikai
Kuda hamungazodanwi,
Dare hariririzve!

Dokwashai zvino, vehama,
Kuraramiswa kwenyu
Mugozorega kuchema
Muchikushaiwa uku.

Dondisesedzai, Bambo; dondisesedzai,

Nyangwe pane rima napane nhamo.
Ndisimbiswe shoka, uye mwoyo;
Ndisawa panzira, Bambo; dondisesedzai!

KOROSI

Dondisesedzai, Bambo;
Dondisesedzai, Bambo;
Ndisawa panzira Bambo; dondisesedzai

Dondisesedzai, Bambo, dondisesedzai!
Handibvidzi ndoga, mundifambise,
Ndichiteveremi misi yose;
Noruoko rwenyu, Bambo, dondisesedzai

Dondisesedzai, Bambo, dondisesedzai,
Ndazopedza rwendo panyika ino,
Ndichandozorora pamufaro;
Perekedzaiwo, Bambo; dondisesedzai!

Wakamukazve inzwai! Hareruya!

Vanhu vose, chirevai! Hareruya!
Vokudenga, uchirai; Hareruya!
Vapanyika davidzai: Hareruya!

Bwerabva, varindiwo; Hareruya!
Hwiro hwakakundwapo; Hareruya!
Rufu harubati SHE; Hareruya!
Kristu wakamukazve; Hareruya!

Jesu wakararamazve! Hareruya!
Wakakunda ndiye SHE; Hareruya!
Wakafa kurwise'su Hareruya!
Tigosatya hwiro Hareruya!

Kuna Kristu chikwirai! Hareruya!
Pana Tenzi wakadai, Hareruya!
Zvivi, rufu, tikundei Hareruya!
Kuna iye SHE hendei! Hareruya!

:/: Nyange zvivi zvatsvuka,

Zvichazocheneswazve :/
Nyange zvishava seropa,
Zvingachenawo!
Nyange zvivi zvatsvuka,
Nyangwe zvivi zvatsvuka,
Zvichazocheneswazve,
Zvichazocheneswazve!

:/: Chinzwa nzwi rokudana:
“Dzokerai kuna SHE!” :/
Ndiunonzwira urombo,
Uno rudowo!
Chinzwa nzwi rokudana,
Chinzwa nzwi rokudana,
“Dzokerai kuna SHE!
Dzokerai kuna SHE!”

:/: Uchakukanganwira,
Ha’zofungi zvivizve. :/
“Chitarirai kwendiri!”
Chinzwa nzwi raSHE!
Uchakukanganwira,
Uchakukanganwira,
Ha’zofungi zvivizve,
Ha’zofungi zvivizve.

Munditererei nenyasha, SHE!

Zvandiri rombe hangu;
Munditererei nenyasha, SHE!
Munditererei, munditererei!
Tinzwei, mutinzwei nenyasha, SHE!
Nditererei nenyasha, SHE!
Tinzwei, mutinzwei nenyasha, SHE!
Nditererei nenyasha, SHE!
:/: Chinzwai kuchema kwavatendi, :/:
Mutinzwei, SHE, Mutinzwei, SHE!
Amen! Amen!

Nyengereterai, nyengereterai,

ndichamudavidzai!

Nyengereterai, nyengereterai,

ndichamudavidzai!

Manenji ndomuratidzai,

muazivewo, muazivewo!

Nyengereterai, ndichamudavidzai!

Ndichamudavidzai!

Wedenga SHE, Wedenga SHE,

Dotererai nzwi romuranda;
Nzwi rake, Bambo, chidonzwai,
Nzwi rake, Bambo, chidonzwai!
Chinzwai pamunogarapo,
Muchindirangarira, SHE;
Chinzwa-i SHE pamunogara
Muchindirangarira, SHE;
Zvivi zvangu kanganwirai!

Ndomuruka, ndomuruka,

Ndiinde kwaBambo;
Ndichandoti kwavari:
Bambo! Bambo! Ndakatadza, ndatadza,
Ndakatadzira imi SHE, nokudenga
Handichafaniri kuzoidzwa mwana!
Ndomuruka, ndomuruka,
Ndi'nde kwaBambo, Bambo!

Hendei vachekei vaSHE Jesu,

Tiri vashomawo;
Ngatimirire Tenzi wedu,
Uchasimbise'su

KOROSI

Nokuti vamirira SHE,
Vachapiwe simba dzva;
Vachakwira ivo,
Vachakwira ivo segundo;
Vachavanga, vasi'nyari,
Vachafamba kwazvo;
Vachavanga, vasi'nyari,
Vachafamba kwazvo!
Vachavanga vasinganyari,
Vachafamba kwazvo.

Tiregorasha mwoyo, vedu!
Tichanyunyutirei?
Totenda Jesu SHE mupenyu,
Tichazonyara sei?

Farai, unesu misi yose,
Ha'zotisiyizve;
Tichazopiwa nyasha dzose
Kundobatira SHE!

Kudzai SHE! Kudzai SHE!

Hareruya! Zvakanaka kufarira
Wedenga wedu!
Kudzai SHE! Kudzai SHE!
Kurumbidza SHE kwakafanira!
Hareruya!
Kudzai SHE! Kudzai SHE!
Kurumbidza SHE kwakafanira!
Hareruya!
Kudzai SHE! Kudzai SHE!
Kurumbidza SHE wakafanira
Hareruya!
Kudzai SHE, Kudzai SHE
Hareruya!

Vaudzei vasingazivi, Kristu

ndiye SHE,
Vaudzei, vaudzei!
Vaudzei vendudzi dzose,
vamurumbidzei,
Vaudzei, vaudzei!
Vaudzei vanhu vose vamuterere,
SHE wesimba nokubwinya
ndoworugare;
Vaudzei, nyangwe dutu richirirapo.
Kuti Tenzi wamafungu ndiye
Tenzi weduwo.

Vaudzeiwo, Muchengeti wedu
ndiye SHE,
Vaudzei, vaudzei!
Vaudzei vendudzi, vagosunungurwazve,
Vaudzei, vaudzei!
Vaudzei vanochema, Jesu
mupenyu,
Vaudzei vakanyara, vazorodzwewo!
Vaudzei vachinyi, kuti wazorwiresu.
Vaudzei vanofa, kuti watokunda
bwirowo!

Vaudzei SHE wakabata ushe ikweyo!
Vaudzei, vaudzei!
Vaudzei zvoushe bwake, ndobworudowo,
Vaudzei, vaudzei!
Pamigwagwa, uye nzira, chidovaudzai!
Pamakomo napagungwa, chidovaparidzai!
Sokuwungawo kwemvura ngatidanesu,
Mawungira gonzwika napazviwi zvosewo!

Mukai, mukai, vatendi!

SHE wenyu chirwirai!
Vepfumo rake rose,
Mireza murudzai!
Pakurwa muchakunda,
SHE Jesu anemi,
Vavengi vagopera,
Kristu agova SHE!

Mukai, mukai, vatendi!
Hwamanda tererai!
Endai kupfumo mose,
SHE wenyu teverai;
Imi varanda vaSHE,
Uyai, mushumirei;
Nyange munjodzi huru,
Nesimba murwirei!

Mukai, mukai, vatendi!
SHE wenyu mirirai!
Nesimba rake roga
Varume, simukai;
Nezvibatiro zvaSHE,
Mutore, chipfekai;
Pamunodanwa pose,
Musatya, chipindai!

Mukai, mukai, vatendi!
Anozoperawo
Mapfumo pano pasi,
Patairwa nawo;
Vakundi vanopiwa
Korona ikweyo;
Vachazobata ushe
Husingaperiko!

SHE Jesu mose rumbidzai,

:/: Vatumwa gwadamai! :/
Zvoushe bwake farirai!
Kudzai SHE, imi mose!
Kudzai SHE, Iye SHE kudzai!

Vasunungurwa, tarirai,
:/: SHE wenyu, chimudai! :/
Nezvipo zvenyu chiuyai;
Kudzai SHE, imi mose!
Kudzai SHE, Iye SHE kudzai!

Bwizana raSHE chiongai,
:/: Mufiri chitendai! :/
Chengeto yenyu farirai;
Kudzai SHE, imi mose!
Kudzai SHE, Iye SHE kudzai!

Ikweyo kuchanzi: Farai!
:/: Uyai, chigwadamai! :/
Varwirwa vose, fugamai!
Kudzai SHE, imi mose!
Kudzai SHE, Iye SHE kudzai!

Jesu ndiye SHE, inzwai!

Vanhu vose, chiimbai
Jesu ndiye SHE, inzwai!
Vanhu vose, chiimbai!

Jesu ndiye SHE, inzwai,
Vanhu vose, chiimbai!
Nhambo yozosvikapo
Yava Jesu SHE nayo.

Vanhu vose uchirai,
SHE wavashe rumbidzai!
Nyika dzose mutendei,
SHE mukuru mukudzei!

Namarudzi munzwewo:
SHE wavashe uripo!
Nyika dzose mutendei!
SHE mukuru mukudzei!

Namasango, chifarai!
Nemi zwiwi, chiimbai!
Zvinhu zvose zvitiwo:
SHE wavashe uripo!

SHE Wokudengadenga

Ngaarumbidzwe oga
Nokuda kwezvenyasha
Zvataitirwa naye.
Wakavigira nyika
Rugare nomufaro.
Mufarisise, vanhu

Bambo vatsvene, dogarai nesu,

Tigonzwa simba ramashoko enyu.
Munokodzera. pane zvatofunga,
Tinzwei Bambo.

Jesu Murwiri, douyai nemi
Kuzova nesu, mutiraramise.
Mutitsigire, tigosatongowa,
Zvamune simba.

Mweya Mutsvene, njiva yezvokwadi,
Doburukai kuzotidzidzisa;
Munatse vose vanonyengetera,
Hongo zvokwadi.

Ngatirumbidze Mwari

Woushe bwokudenga,
Pam'soro pezvorudo
Nenyasha dzake huru.
Wakapa nyika yose
Mufaro norugare.
E vanhu, ngatifare.

Tigwadamire Bambo
Vesimba rose rose,
Tikudze zita ravo
Nokuti vane ngoni.
Vanonzwa mikumbiro
Yavanomushumira
Nemwoyo inovada.

SHE Jesu Mwana wavo
Wakada kutirwira
Nokutidzikinura,
Tizarurirwe denga.
Wakatifira tose,
Tigova noupenyu
Husingatongoperi.

E, Mweya wezvokwadi,
Natsai mwoyo yedu!
Igova dzimba tsvene
Dzokudzidzisa Mwari.
Tichinyaradzwa nemi
Tirambe tichivimba
NaJesu SHE zvokwadi.

Ndichamukudzisa,

SHE wedenga wangu.

Ndichakudza imi

Nokusingaperi.

KOROSI

:/: Chikudzai, Jehova, Bambo

SHE,:/:

Akudziwe, akudziwe

Namarudzi ose!

Zita renyu guru

Ndicharirumbidza.

Ndichafungisisa

Nyasha dzenyu huru

Rudzi runoreva

Kuno rumwe rudzi

Kurungama kwake

SHE wesimba rose.

Vanodanidzira

Zvokwadi kwamuri,

Muchazovarwira

Muri pedo navo

Chigadzirai nzira

Irungamire
SHE wakarehwa kare
Namadzibambo.
Ndiye SHE werungamo
Weimba yeDavide
Kukudzwe wouya
Muzita raSHE

Masuo afadzirwe
SHE wokubwinya.
Marudzi ogarira
Mufaro wedu
Panzwikwe pose pose:
“Hosana, Hareruya,
Akudzwe wouya
Muzita raSHE!”

Chigaro chake ndicho
ChaBambo vake.
Bworudo nechiedza
Ndoushe hwake
Navana vanoonga
Wenyasha norugare.
Kukudzwe wouya
Muzita raSHE!

Tembere yaSalema,
Navapirisi,
Noushe hwavo hwose
Hazvichagari.
Bva ushe hwaSHE Kristu
Bwogara nokuwanda.
Kukudzwe wouya
Muzita raSHE!

Asvika mangwanana

Ezuva rakanaka
Rakaravirwa kare
Tomutswawo nanhasi
Nenyasha nomufaro
Zvinobva pakudenga.
Saka, vatsva
Navakuru,
Unganai,
Murumbidze
She mukuru wavenyika!

WaMwari wava munhu,
Tigoswadera tose
Kwaari tichifara,
Zvaari 'ye wetariro
Yavarashiki vose
Navose vane nhamo.
Uchavapa
Vakashata
Rudo rwake,
Vagodana,
Vachitsvaka zvokudenga.

Uchazosvimha sesu,
Achinzwa nhamo dzedu,
Nokudotitsigira,
Agozotiratidza
NaBambo vane nyasha
Inozipisa shungu.
Ucharwadzwa
Nezvorufu,
Tigowana
Zvorugare,
Nokuzarurirwa dena.

Wauya kutirwira,
Rigosavira zuva
Renyasha dzake huru.
Uchava M'risi wedu,
Tigova vake kwazvo
Vanoda kum'tevera.
Tichitenda
Zvokum'soro,
Kun'o ushe
Bworugare
Kwatichafanana naye.

Vanhu, taponerwa

Muchengeti wedu,
Mai vake mhandara,
Iyo yakachena.

Wakaita Mweya
Nenji guru pano:
Shoko dzvene raSHE
Rava nyama sesu.

Iye wakaberekwa
Pasina kutadza.
Unosenga zvivi
Zvedu, zvavatadzi

Wabvawo kudenga
Norugare rwake.
M'faro unovapa
Vose vanotenda.

Une simba guru
Rokubata ushe,
Uchakunda pfumo,
Rufu rwakaipa.

Ngaaongwe Kristu
Wakatiraramisa.
Shoko rake chinzwai
Pamativi ose!

Tinofarire-i tinoimbire-i

Zuva rino raJesu?
Nyika yarashika,
Kristu waponiwa.
Ngatifarise, vaKristu.

Tinofarire-i tinoimbire-i
Zuva rino raJesu?
Kristu SHE wasvika
Kuzorwira nyika.
Ngatifarise, vaKristu.

Tinofarire-i tinoimbire-i
Zuva rino raJesu?
Vanhu navatumwa
Vorumbidza Bambo
Negatifarise, vaKristu.

Mwoyo, farira,

Nyika nokudenga
Pano parwendo rwako.
Zvakanakisa
Zvose zvinobva
Uko kum'soro kwaBambo.

Dzinosiuya
Nhambo, nokuenda
Vanhu vachiteverana.
Rwiyo rwedenga
Runosinzwikwa,
Runotifadza parwendo.

Rwakavambiwa
Navatumwa vaSHE
Vachiimbira varisi:
"Bambo vakudzwe
Vanhu vafadzwe,
Kristu wazvarwa panyika."

Jesu, tifadzei nhasi,

Gore dzva rasvika,
Muvandudze kuda kwedu,
Kuti tide kwenyu
Mwoyo yedu ive
Imba yenyu tsvene,
Tigogara tichinatswa
Nomufaro wezvenyasha.

Ngandirichengete nhaka
Shoko renyu Jesu,
Ndigofamba mufambire
Womutendi kwaye,
Ndichidisa Mwari
Nokunatsa vanhu,
Ndichitsvaka zvoutsvene
Nokungwara zvinoteya.

Jesu, dogarai neni
Ndigofara hangu.
Jesu mundipei mwoyo
Unoshuvira.
Jesu, muchengete
Mweya nomuviri.
Jesu, ndimi wandinoda
Munodzima nezvirwadzo.

Jesu, ngandinatsopedza
Gore dzva ratanga.
Ndirimo muzvanza zvenyu
Handichatyi chinhu.
Muchanditsigira
Napakufa kwangu
Ndokuzondimbundikira
Pachifuva chenyu, Jesu.

Rimwe gore rapfuura,

Gore dzva rauyazve.
Bva mazuva aro, hama,
Achazotipeiko?
Achafadze'su here?
Unoziva ndiye SHE.

Iye wakativanzira
Zviri mberi kwedu'ko.
Bva unoda kutarira
Isu misi yosewo.
Nousiku titsunge,
SHE unesu, tichatyei?

Masikati nousiku
Iko nhaka samakei
M'rindi wedu haavati,
Ini ndichazotsvakei?
Ndiye wagadzirawo
Pandichafambiswa 'po

Pamufaro napanhamo
Ndingamira pana SHE
Nhambo yopfuura mberi
Nhare yangu ndiyewo.
Ndichavaka paari,
Ndoruware rwangu.

Bwizana roWedenga,

Makabayirwa isu.
Makasitsungirira
Nyanгуva muchizvidzwa.
Matadzo makasenga,
Norufu makakunda.
Tipeiwo rugare, Jesu!

SHE wangu wakarobwa

Nokutambudzwa,
Musoro wakabayiwa
Neiya minzwa!
Nezuva rokuguma
Muchakudziwa,
Bva zvino navatadzi
Munosekiwa.

Pamberi penyu, Jesu,
Ndowira pasi,
Ndichikumbira nyasha,
Musandirasha!
Chiso chakanakisa
Chachenuruka,
Meso akasibwinya
Anokaruka.

She, munosenga zvino
Matadzo angu.
Ndaifanira ini
Kurohwa hangu.
Ndichiremerwa nawo,
Ndinotizira
Kwomuri Muchengeti.
Muchindifira.

SHE Jesu mukudziwe
Makandirwira.
Mundipewo zororo,
Ndovimba nemi,
Ndinoda kunamata.
Murwiri wangu, SHE.
Norufu ndichibatwa
Mamuri ndifewo.

Wafire nyika Jesu SHE

Meso apodzwe, ndione.
Wakabayirwa Gorogota'ko,
Ndidzikinurwe nemiwo.

Runoshamisa rudo 'rwu.
Hapana munhu unarwo,
Ndaponesiwa naye SHE,
Ngandive wake muushe

Ngandive mwana wenyu, SHE.
Ndisesedzei zvokwadi,
Ndigofarira murudo
Kumuvigira upenyu.

Wafa M'ponesi pachinjikano,

Ndini mutadzi ndafirwa na'ye
Ndinosukiwa neropa rake.
Ndakawana ushe

KOROSI

Ndakawana ushe.
Ndakawana ushe
Uganatsiwa mwoyo wangu,
Ndakawana ushe,

Ndicho chidziva cheropa rake,
Bwose utadzi bwosukwa nacho.
Machiri ungandisuka Jesu.
Ndakawana ushe.

Ndakaponeswa ndokatyamara.
Jesu ugere mumwoyo mangu.
Wakapindira pachinjikano.
Ndakawana ushe.

Iwe mutadzi, uuye zvino,
Uise mweya paMuponesi.
Uya ungure muropa rake,
Ungawana ushe.

KOROSI

Ungawana ushe,
Ungawana ushe,
Uganatsiwa, mwoyo wako,
Ungawana ushe.

Murukai, muimbirei

Mhare yapadanda!
Yatirwira nokufira
Sebwizana nyoro.
Akamuka nokubwinya.
Achikunda rufu.

Wakatipa, takapiwa
Kurungama kwose
Wakabvisa nhamo dzedu
Nokusingaperi.
Dzikinuro nedzimuro
Wakatiwanira.

Takapodzwa noMuzodzwa
Wakapwanya nyoka.
Zvino rufu neGehena
Zvichapera simba
Wakamuka, unobata
Ushe huchakunda.

Vatsva pamwe navakuru
Varumbidze Bambo.
Mwana une nyasha huru
Akudziwe navo.
Kudzai Mweya wosesedza
Isu kumufaro!

Ndinomuona Jesu

Mokwira pakubwinya,
Bva ini ndichi mweni
Panyika yokuchinya.
Ndofamba ndichishuva
Kutama rimwe zuva.

Bva kana ndichishuva
Ndinoti: “Dotarirai
Zvomwana wenyu, Mambo,
Pandichamugarira.”
Ndokunzwa inzwi:
“Mwanangu,
Ndinokuziva hangu.”

Ipapo ndinoona
Zvenyika yakanaka,
Pandichagara nemi,
Ndikabvisirwa mhaka,
Ndina vatsvene venyu
Kumusha woupenyu.

Hakune rima uko
Nenhamo nokurwara
Bva zvole zvakanaka
Kubwinya nokufara
Ngative vobwo nesu
Kudenga kuna Jesu.

Zvamakaenda, Jesu,
Muchadzokera pano.
Tipei tigofamba
Samakatipa mano.
Okusvinura kwazvo,
Tambofukidzwa hazu.

Jesu Kristu ndiSHE wedu,

Ngatimutevere hedu,
Timufugamire.
Mabvi ose agwadame,
Namarimi abvumire
Kuti Jesu ndiye SHE,
Kuti Jesu ndiye SHE.

Uyu nyangwe afanana
NoWedenga, ari Mwana,
Haazakatsvaka
Kuenzana noWedenga,
Ave nokubwinya pano.
Wakaramba 'zvezvi,
Wakaramba 'zvezvi.

Wakaita somuranda,
Achiwirwa nemiedzo.
Nokuona nhamo.
Wakandozvinipisa,
Kuti ashumire isu
Pataikoniwa 'po
Pataikoniwa 'po

Wakazvidzwa navo vose,
Achingoterera pose,
Kusvikira rufu.
Ndirwo rufu rwapadanda,
Rwavatadzi paGorgota,
Tigowana nyasha,
Tigowana nyasha.

Saka iye wamurudzwa
NoWedenga, nokukudzwa.
Ndokukurumbidzwa.
Wakapiwa zita guru,
Pamazita mamwe ose,
Tigonatswa naro,
Tigonatswa naro.

Ngatimuimbire hedu,
Jesu Kristu ndiSHE wedu,
Timufugamire.
Mabvi ose agwadame
Namarimi abvumire
Kuti Jesu ndiye SHE,
Kuti Jesu ndiye SHE.

Munhu ha'ngawani rugare

Asingatsvaki nesimba
Hama, ngaurwire upenyu
Husingatongoperi!
Rakamanikana suo 'rero,
Nzira inozova nhete iyo.
Utsungise mwoyo, urwirewo
Ugosarasha upenyu.

Denga routsvene robwinya,
Ngaurishingairire.
Ichazovaima korona
Inofanirwa kushuva
Saka uchimuka, uchenjere.
Uzvigadzirire kutongeswa.
Hazu dzakachena ufuke'dzo
Kuti upinde mutambo.

Haungazopindi kudenga
Usingatendi zvokwadi.
Tenda, iwe, shoko rarebwa
Naye, SHE wedu munyoro.
Haungawaniko zvomufaro
Usino kutenda kuna Jesu.
Saka tendeuka, terera SHE,
Nhambo yorwisa kupera!

She wodana vose venyika:
"Vanhu rwirai upenyu!"
Ungawana fuma dzenyasha,
Chinyi chichazokukona?
Bambo vokudenga vanokuda
Jesu woguhudza, uzarure,
Mweya wokumutsa, chimuka 'we.
Ugozofara wamuka!

Tichaendako kuna'ni tigova

norugare?

Kune shoko roupennyu, SHE

hatirashiki, tsvo.

Chifarai, chifarai, chifarai, ameni!

Tinoda kugara nemi misi yose

yose, SHE.

Tirumbidze imi moga pano

nokudenga 'ko

Tichaendako kuna'ni, tigowana

zororo?

Kuno musha unobwinya,

watagadzirirwa 'ko.

Chifarai, chifarai, chifarai, ameni!

Tichatenda zvenyu zvose pano

nokudenga 'ko.

Tichatenda zvenyu zvose pano

nokudenga 'ko.

Jesu, chindinzwai,

Ndichimukumbirai
Mhaka makaripa
Kana mandifira.
Ndokumbira zvino,
Mundikanganwire.
Jesu Muponesi,
Ndinovimba nemi.

Jesu ndifadzei,
Ndichinyengetera!
Ngamundipe nyasha,
Ndigomufarira.
Zvino ndinotenda
Zvamakavimbisa
Jesu Muponesi,
Mundiropafadze!

Jesu, chindidai.
Ndive wenyu chose!
Musadondisiya,
Ndigofamba ndoga.
Vhenekai nzira
Nechiedza chenyu,
Jesu Muponesi,
Mundiite wenyu!

Jesu, ndimuongei!
Mungandichengeta
Kusvikira nhambo
Yandichava nemi.
Ishe, mune ngoni,
Chinzwai, mufadze,
Jesu, Muponesi
Musino kupera!

Handingatongorukanganwi,

SHE Jesu, rudo rwenyu,
Rwakamukweva kundifira,
Mufire zvivi zvangu.
Ngandimukudze Jesu
Nezita renyu nyoro.

Ndinoda, Jesu, kumuonga
Nokumudisa kwazvo,
Mugova danha rangu rose,
Ndigare ndiri wenyu.
Ngandichivimba, Jesu,
Nezita renyu nyoro.

Napandichahwirira hangu,
Ngandife, muchi neni.
Murwiri wangu une simba,
Muchazondisesedza
Ndichingomuda Jesu,
Nezita renyu nyoro.

Hama yangu yakanaka

Ndiye Jesu Kristu SHE
Ko, ndichamusiya hangu,
Ndidzokere shurezve?
Handingaparadzaniswi
Naye wandinoda, SHE.
Mwoyo, fambidzana naye
Unokuda, umude.

Mhaka ndingapiwa nani?
Kristu wakafireni.
Wakamutswa pavakafa.
Uri mukudenga 'ko
Zvino unokumbirira
Vakashanangurwawo,
Iye unorwira ini,
Kuparadzaniswa tsvo!

Ndinotenda kuti njodzi,
Nzara, nayo nhamowo.
Kana m'nondo nokudzingwa,
Nyange rufu nairwo
Hazvingaparadzanisi
Ini naiye Jesuzve.
Kudo rwoWedenga wedu
Ruri muna Kristu SHE.

She Murisi wangu

Wakaisvonaka,
Wondipavhurira,
Ndigosashayiwa
Nyange mvura mhenyu
Yokupedza nyota,
Nyangwe namafuro
Pandionzwa nzara.

Haangatenderi.
Kuti ndirashike.
Unondifambisa
Pakagadzikana.
Ndinovaraidzwa
Napanhamo dzose,
Nyange napakufa
Hangingatyi une 'ni.

Shoko rake svimbo
Inondinyaradza.
Pandinovengiwa
Ndinofadzwa naye.
Ndichambowanzirwa
Nyasha ndichi pano,
Ndokuzogariswa
Mumba maJehova.

Jesu She, Mufudzi wangu

NoMukomboreri.
Dzinozipa nyasha dzenyu
Nenzwi renyu nyoro.
Dogarai neni,
Ndive, Jesu, nemi!

Jesu zita renyu dzvene
Rivambise zvole,
Ndigobvidza kuzvipedza.
Sezvaka fanira.
Dogarai neni,
Ndive, Jesu, nemi!

Donatsai nokufunga,
Nokureva kwangu,
Ndibatire zvoupenyu
Husingazoperi.
Dogarai neni,
Ndive, Jesu, nemi!

Ndichienda kundovata
Ngamundichengete,
Ndigomuka muchi pedo,
Ndokuongwa neni.
Dogarai neni,
Ndive, Jesu, nemi!

Zuva rangu richavira
Pakunhoya kwangu.
Bva ndipei, ndirarambe
Nokusingaperi,
Dogarai neni,
Ndive Jesu nemi!

Munyasha dzenyu, Bambo

Ndinozwiisa hangu.
Nezvose zvandinazvo,
Ngamundigamuchire.

Muviri noupenyu,
Nomweyawo ndezvenyu.
Dochengetai zvose,
Ndigosakuvadziwa.

Munosifadza mwoyo,
Nokunyaradza mweya,
Pandinoona nhamo,
Nokusakwana kwangu.

Ndovimba nemi, Bambo.
Dovai neni, ndive
Pamuri, ndidye nhaka
Youshe hwakanaka.

Boka ravanana vaSHE

Rinogara zvakanaka.
Kune shiri mudendere
Nenyeredzi pakudenga.

SHE unovarisa vose
Pamafuro ebumhudza,
Vanobatwa nounyoro,
Vari mumaoko ake.

Nyange nhamo, nyange fadzo
Zvichakona kuvabvuta
Mumaoko omurisi,
Unoziva dzingo ravo.

Usingadzirashi nzvidya
Unotiwana tose
Zvokufuka nezvokudya,
Unofadza vanochema.

Vanoramba vari Bambo
Vanotipa nokutora.
Bva vanoda pana zvose
Kuvanatsa vana vavo.

Ndomurudzira meso

Kugomo raSHE
Chiedza nebetsero
Zvinobva 'koko.
Ha' dzori nzeve dzake
Ndichikumbira.
SHE wakaita zvose
Wondibetsera.

Ha'regi shoka dzangu
Kutedzemuka.
Uneni achirinda
Ha'tsumwairi.
Unosindichengeta
Ndisakuvadzwa,
Achinditaririra
Napamibato.

Worwira mweya wangu
Pazvinorwadza
Napana madambudzo
Pachandinatsa.
Kupinda nokubuda
Kunorindiwa,
Havanyimiwi nyasha
Vanoda Mwari.

Ngaarumbidzwe Mwari

Watimutsira
Kuona rimwe zuva
Renyasha dzake.
Bva richavira naro
Samamwe ose,
Tifunge naizvozvo
Kukosha kwaro.

Ngatichifungisisa
Zvokuda kwaSHE.
Tibate tichikuno,
Tichitendeka,
Tigosarohwa shure.
Mumwoyo medu,
Atove madekwana
Okusabata.

Tibetserei vose
Nokuvafadza.
Tisangofunga zvedu
Bva nezvevamwe.
Kuziva kuda kwaSHE
Nokukuita
Ndokushumira Mwari,
Nokumupira.

Muranda unobata
Achivimbika
Ucharopafadzwa
SHE achisvika;
Apinde pamufaro
Usakanzwika,
Wavakagadzirirwa
Vanoda Mwari

Tiwedzerei simba
Rokumbotsvaka
Zvoushe hwokudenga
Nokurungama.
Ipapo tichapiwa
Nezvimwe zvose
Tifunge saizvozvo
Mazuva ose.

Mumwoyo ndoshuvira

Jerusarema.
Ndomusha
Wenatso
Pachazopera chose
Urombo hwangu
Mumwoyo ndoshuvira
Jerusarema.

Bva pano padenhere
Iripa nzira
Yoenda
Kumusha?
Yowe, ndingavirirwa
Panjodzi zhinji.
E, pano padenhere
Iripa nzira?

Unondiiradza
NdiJesu wangu.
Saiye
Inzira,
Ndisingazivi mano
Ndomutevera
Unoratidza nzira
NdiJesu wangu.

Onai, ndokubwiya
Kweguta raSHE!
Ndasvika
Kudenga
Ndifare, ndikanganwe
Zvotyisa pano.
Onai, ndokubwinya
Kweguta raSHE.

Muzita raSHE Jesu
Ndichazokunda.
Neniwo
Murombo
Ndichagowana Ushe
Hwenharidzano.
Muzita raSHE Jesu
Ndichazokunda.

Vafare vose vachena pamweya,

Ushe ndehwavo pano napapo.

Vafare vose vochema zvezvivi
Vachanyaradzwa noMuchengeti.

Vafare vose venzara nenyota
Yokurungama, vachagutiswa.

Vafare vose ivavo venyasha,
Vachaitirwa nyasha zvikuru.

Vafare vose vanyoro pamwoyo,
Vachazogara nhaka yenyika.

Vafare vose vomwoyo muchena,
Vachazoona Wedenga zvokwadi.

Vafare vose vorwira rugare,
Vachaidziiwa vana vaBambo.

Vafarisise vose votsunga panhamo,
Vachitambudzwa navakashata.

Fuma dzedenga ndedzavo vadero,
Vachava 'papo pana SHE Jesu.

Madzimai akauya

Navana kuna Jesu,
Vadzidzwa vakaramba sei
Vachiti: Chiendai!
Bva Jesu achiona 'zvo
Wakavadana achiti:
:/: "Yana vadoko kwendiri
uyai." :/:

"Ndichavagamuchira
Nokuvafungatira,
Ndichavarisa vana 'va,
Munovadzingirei?
Kana votenda kundida
Kudenga vachava neni.
:/: "Vana vadoko, kwendiri
uyai." :/:

Vana avo vauya
Vaiswe kuna Jesu,
Bva kuna vakawandawo
Vasingazivi 'ye.
Shoko raJesu haripo,
Havarizivi zvareva SHE.
:/: "Vana vadoko kwendiri |
uyai." :/:

Navahedheni vose
Vapamarudzi ose,
Vatende kuna Jesu SHE,
Midzimu varashei.
Muvavhenekerei imi
Vaone rudo rwenyu, SHE.
:/: "Vana vadoko kwendiri
uyai." :/:

Nyengeretera, SHE uripo;

Nyengeretera, nzwi unonzwa;
Wakapika chimutenda;
Nyengeretera, wodavidza.

Nyengeretera panjodziwo;
Nyengeretera uchakunzwa;
Nhamo dzako uya nadzo,
Nyengeretera unokuda.

Nyengeretera pakuidzwa;
Nyengeretera unokunda;
Jesu wakamboidziwa;
Nyengeretera wasimbiswa.

Nyengeretera vimba naSHE;
Nyengeretera ukumbire;
Simba rake iguru sei;
Nyengeretera SHE unonzwa.

Makandiponesa,

Ndichamira SHE;
Mukandibatisa,
Ndichamira SHE.
Somuti panofamba mvura mhenyu,
Ndichamira SHE

KOROSI
Ndichamira, ndichamira SHE;
Ndichamira, ndichamira SHE.
Somuti panofamba mvura mhenyu,
Ndichamira SHE.

Ndirwo rudo rwenyu,
Runomisa SHE,
Simba renyu guru,
Rinomisa SHE
Somuti panofamba mvura mhenyu,
Ndichamira SHE.

Varipo nhasi vanokukurwa;

Vanofanira kundonyukurwa;
Vonyura muzvivi chimbidzikai,
Musanonoka kuvabetsera.

KOROSI

Chibetserai, chibetserai,
Vose vasungwa nezvivi;
Chibetserai, chibetserai,
Vose vasungwa nazvo.

Dorangerirai vakaremerwa;
Vasina mumwe ungaremudza,
Muvadzidzise mufaro waSHE,
Avatakurire nhamo dzose.

Kuna vazhinji vakadzokera
Panzira dzavakambotevera;
Mimwoyo yavo yakaora sei,
Tivaratidze rudo rwaSHE.

SHE wedu Jesu ndimi chiedza chedu,

Ndimi chiedza chakatibudira.
Makaponiwa paBetrehema kare,
Makaponiwa kuzotivheneka.

KOROSI

Vanhu vose chiuya, chiuyai,
Ndudzi dzose gwadamai, gwadamai.
Chibvai murima, tendeukai zvino.

Takanga tichifamba murima guru,
Mukati mamasango namakomo.
Bva Jesu wakatipa chiedza chake,
Chikazova upenyu kuna vose.

Mukati mamasango namakoronga,
Munoparara zvuru zvamazana.
Tipei chiedza chokuvhenekera,
Vabve murima vawane upenyu.

Zuva redu ravapo,

Jesu wakamuka.

KOROSI

Chifarai, uchirai,

Jesu wakamuka.

Chitendai, chiongai,

Jesu wakamuka.

Gwadamirai.

Nhasi ndiyo Svondo'yo

Yakamuka Jesu.

Tirirangarirewo

Tichipira iye.

Nokumuka kwake SHE

Takarungamiswa

Hwiro hwakakundwa sei!

Rufu tichatyirei?

Iye wakakwirako

Kuna Bambo vedu.

Wakatigadzirirawo

Pokugara uko.

Jesu tichaonazve,

Pakudzoka kwake.

Chipembera mwoyo wangu,

Chirumbidza Mwari wako.
Ruponeso rwaJehova
Rwafukidza nyika yako.

KOROSI

Chirumbidza Mwari wako,
Chisimudza zita rake;
Muimbire, umuuchire.
Nyasha dzaSHE dzakubata,
Rudo rwake rwakuwana,
Chipururudza mwoyo wangu!

Farisisa mweya wangu,
Zuva redu rakabuda,
Rima guru rinotiza.
Pururudza mweya wangu!

Ongesesa mwoyo wangu,
Shoko raSHE rakauya
Kukuzadza norugare.
Gwadamira Ishe wako!

Uyai tiimbe nziyo dzedu

Zvatakapiwa naMwari wedu
Wakada nyika akatipa
Mwana wake mumwe woga.
Ngatiuchire timutende;
Upenyu hwake wakatipa.
Ngatiimbire rudo rwake,
Wakatipa Mwana wake.

Bambo vaJesu vane ngoni;
Ani nani ungauya hake;
Nyange vatsvuka zvivi zvako,
Zvingacheneswa chosewo.
Chirevurura zvivi zvako,
Zvose ungakukanganwira.
Chifugama utende chose,
Kuna Jesu Muponesi.

Zuva guru richauya,

Chitairirai richauya.
Iraviro yakaitwa,
She achiti: Ndichauya.

KOROSI

Tichaimba zuva iro,
Tichiona SHE wouya.
Imbirai, farirai,
Wouya SHE wedu.
Imbirai, farirai,
Wouya She wedu.

Nyika yedu ichafara,
SHE wouya tichafara.
Pamakore uchauya
Titarirei tichifara.

Pachigaro chinobwinya,
Uchagara achitonga.
Ndudzi dzose dzichamira
Dzichihuta achitonga.

Vokurudyi uchavati:
Chipindai mumufaro.
Makakunda chipindai
Mumufaro waSHE wedu.

Zuva guru raSHE rouya,

Tichanzwa zavirira rake.
Vatsvene navatumwa vose
Vachauya vachipururudza.

KOROSI

Vachadana vanhu
Vakasunungurwa naJesu.
Vachanzi: Chiuyai, chipindai!
Mumufaro waSHE.

Ndudzi dzose dzichauyawo
Kuzomira pamberi pake
Vachabvunzwa mibato yavo
Vagopiwa mubairo wavo.

Vakaramba kutenda Jesu
Navakapandukira ISHE,
Vachahuta pamberi pake
Vatongerwa kuparadzwa kwavo.

Hama dzangu mose teerera!
Rangarirai zuva raJesu.
Uchatikokera achiti:
Vadikanwa chiuyai, chipindai!

Ndozwiisa kuna SHE Jehova,

Ndidzidzise kuzvininipisa,
Ndarashika mundiise panzira
Ndibetsere kuzviramba ISHE.

KOROSI

Ndasimuka, nditungamirei SHE,
Ndigofamba nenzira yenyu 'yo
Ndidzidzise kuzvininipisa;
Ndibetsere kuzviramba. ISHE

Dziurai mwoyo wangu SHE Jesu
Ndidzidzise kuzvininipisa.
Ndisimudze muchinjikwa wangu
Ndichikuteverai pose, ISHE

Mandidana, Jesu SHE,

Ndanyara sei,
Ndinouya zvino, SHE,
Ndizorodzei.

KOROSI
Doturai, chibvisai
Zvivi zvangu zvose,
Chiuyai, chinatsai
Mwoyo wangu wose.

Ndakatsvaka pose, SHE,
Kuyamurwa,
Ndikasha'iwa chose, SHE,
Kunyaradzwa.

Ndinodisa, Jesu SHE,
Kusukiwa,
Mwoyo wangu nhasi, SHE,
Kucheneswa.

Chifarai, Jesu Kristu,

Wakamuka parufu,
Wakazorupwisa chose,
Akatipa upenyu.

KOROSI

Farirai, Jesu mupenyu,
Rufu harukundizve.
Farirai, mugwadamire
Nokusingaperi 'ye.

Chifarai, unorarama,
Wokum'soro iye SHE.
Mweya wake unonditi:
Unotenda ha'ngafi.

Chifarai, murumbidze-i,
Unodzoka ari SHE,
Nesuwo tichashongana
Tose naye kudenga.

Ndinokumirirai,

ISHE, ndoterera,
Muumbi wakanaka,
Sevhu mundikanyei.

KOROSI
Umbai SHE kuda kwenyu,
Mundikanyei Mwari wangu.

Ndibate muruoko,
Rworudo rwenyu, SHE,
Ndipwanye, ndinatse-i,
Ndigobatiremi.

Nyorai mumwoyo mangu
Kunaka kwenyu SHE,
Ndigotodzana kwazvo
Mufiri Jesu SHE.

Ndakamunzwa paGarire

Achindomutsapo.
Vanoredza norutava
Wakati munditeverei.

KOROSI
Tererai, Teverai,
Mugondoredza vanhuwo;
Ndodavidza ndichingoti:
Jesu, ndinomuteverai.

Ndichasingomuteverai
Nomwoyo wose SHE.
Nyange ndakamutadzira
Mudondikanganwiraizve.

Rudo rwenyu mundipewo
Mugondidzidzisa
Pandingakanda rutava,
Sapagungwa reGarire.

Uchaitei naJesu?

Uchaitei naye?
Pindurai iko zvino!
Haangamurambidzi.

KOROSI
Uchaitei naJesu?
Pindurai iko zvino.
Wamuramba?
Watenda here?
Haangamurambidzi!

Ivai nomwoyo mumwe
Shanangurai zvino!
Chiramba kana kutenda;
Shanangurai zvino!

Jesu wakazvipa chose,
Unomuramba here?
Chitenda kana kuramba;
Shanangurai zvino.

Ndakanga ndiri kure naSHE

Ndigere murima,
Chiedza chikandivheneka,
Mumwoyo mapinda SHE.

KOROSI

SHE mumwoyo mangu,
SHE mumwoyo mangu,
Nenji roruponeso,
ISHE mumwoyo mangu.

Ndoshuva sei kutodza ISHE
Ndifanane naye;
Ndorangerira misi yose
ISHE mumwoyo mangu.

PaGorgota pakafira

Muponesi zvivi zvangu;
Ropa rake rakaripa,
Rakabvisa mhosva dzangu.

KOROSI

PaGorgota, nyasha huru,
SHE Jesu wakafireni.
PaGorgota, nyasha huru,
SHE Jesu wakafire 'ni.

Ishe wangu ndotenda nei?
Makarasha upenyu sei!
Rudo rwenyu rwakakura!
Makazvipa kuvatadzi.

Jesu amire pasuo romwoyo,

Jesu amire achigogodza.
Jesu amire pasuo romwoyo,
Chinzwa! Inzwi, umuzarurire!

Zarura musuo, Jesu ogogodza,
Zarura musuo, usaringaringa.
Zarura musuo, Jesu ogogodza,
Iwe, hama, usiye zvitema.

Kana apinda, uchafara kwazvo,
Iwe uchawana mufaro kudenga,
Jesu apinda, uchafara kwazvo,
Iwe, hama, umuzarurire.

Tenda Jesu, iye unokuda,
Tenda Jesu, uchimushumira,
Tenda Jesu, iye unokuda,
Iwe, hama, Jesu unokuda!

Zvivi zvangu zvakawanda,

Zvakawanda- wanda -wanda,
Zvivi zvangu zvakawanda zvasukiwa.

Neropa raiye Jesu zvasukwa.....
Neropa raiye Jesu zvasukwa.

Jesu Kristu wandifira.....
Jesu Kristu wandifira paGorgota.

Jesu Kristu wakakwira.....
Jesu Krsitu wakakwira mukudenga.

Jesu Kristu uchadzoka.....
Jesu Kristu uchadzoka kunditora.

Zvino ndichandofara.....
Zvino ndichandofara mukudenga.

Saka ngatitende tose.....
Saka ngatitende tose kuna Jesu.

Ndofamba naJesu ari mumwoyo (x2)

Ari mumwoyo. (x4)

Zvivi zvomwoyo wangu zvakarashiwa.

Jesu wakamuka, Hareruya.

Jesu wakakunda rufu nokuda
kwangu.

Akazotuma Mweya Mutsvene.

NoMweya Mutsvene ndinokunda.

Ngatifambe naye Mweya Mutsvene.

Ngatishingaire kubatira ISHE.

Tofamba munzira yakaoma,

Kuno musha wokudenga.

Toti (Hareruya) x4

Tiri vaeni isu panyika ino,

Tino musha wokudenga.

Toti (Handei tose) x3 kuna Jesu.

Isu tineurombo nehama dzedu,

Dzinogara muzvitema.

Toti (Uyai mose) x3 kuna Jesu.

(Hareruya) Famba naSHE x3

Famba naSHE Jesu.

Tendai ISHE.

Fadzai ISHE.

Vimbai naSHE.

Namata SHE.

Bata naSHE.

Batira SHE.

Paridza SHE.

Kudza ISHE.

Gara naSHE.

Mosesi, kumura tsapata dzako,

Nokuti nzvimbo yauri itsvene.
Enda watora vana vaIsraeri,
Ndini ndadaro SHE wako.

Mosesi, kumura tsapata dzako,
Nokuti nzvimbo yauri itsvene.
Shamwari titerere inzwi raMwari,
Iye unotitungamira.

Mosesi, kumura tsapata dzako,
Nokuti nzvimbo yauri itsvene.
SHE unosunungura unomutenda,
Utende Jesu shamwari.

Jehovha wakati, Abrahama,

Chienda kugomo reMoriya,
Uchitora Isaka mwana wako,
Mwana mumwe chete.

Wakafamba mazuva matatu,
Vakaona gomo reMoriya.
Vakasvika ipapo pagomo,
Vakakwira imomo.

KOROSI
Zvino huni tinadzo
Nebangawo tinaro,
Ko gwayana rechibayiro riripi?
Zvinozihwa naSHE.

Vakaronga mabwe eartari
Vakaisa huni pamusoro.
Wakaudza Isaka mwana wake
Kuti iwe ndiwe chibayiro.

Bambo zvino vakasunga mwana.
Mwari akati regedza mwana
Tarira kwawakafuratira,
Gondohwe raivapo.

Jona enda kuNinive,

Ndizvo zvakareva Mwari. (x4)

Asi Jona wakatiza,
Akasaterera Mwari. (x4)

Dutu guru rakamuka.
Vomuchikepe vakatya. (x4)

Asi Jona anga avete,
Muka, Jona unamate. (x4)

Vakazokanda mujenya,
Jona ndokubatwa nayo. (x4)

Vakamukanda mugungwa,
Zihove rakamuminya. (x4)

Mwari wakamuponesa
Jona ndokuzoterera. (x4)

Kana tisingatereri,
Zita raSHE rinomhurwa. (x4)

Nesu ngatimuterere,
Mwari uchatiponesa. (x4)

Muka Jona uterere. (x5)

Yakanaka Vhangeri.

KOROSI

Ndanguri ndakuudza kuti yakanaka.

Inesimba Vhangeri.

Yoponesa Vhangeri.

Ngatitende Vhangeri.

Paridzai Vhangeri.

Shingirira Vhangeri

Ngaiende Vhangeri

Muchenjeri wakavaka imba

yake paruware (x3)
Mvura yakatsvotsvoma.
Mvura yakanaya ukava murove,
Imba yakamira dzi!

Benzi rakavaka imba yaro
pajecha (x3)
Mvura yakatsvotsvoma.
Mvura yakanaya ukava murove,
Imba ndokuzoti, bhu!